МАГӀАРУЛ МИЛЛИЯБГУН МАДАНИЯБ АВТОНОМИЯ



Надир-шагь щущахъ виххизави

МахӀачхъала
2012

ISBN 978-5-4242-0092-2

Надир-шагь щущахъ виххизави / хIадур гьабуна Шунилазул ШагIбаница ва МалламухIамадил Жамалудиница. МахIачхъала – 2012 с. – 75 гь.

ЦеберагIи

Надир-шагьасул аскар 1741 соналъ МагIарухъ улкаялъул (Аваристаналъул) бакъбаккуда гъуриялъул хIакъалъулъ халкъалда гьоркьор биценал ва кучIдул хутIун руго. Гьел киналго ракIари ва цо мажмугIалда кьей букIана нижер мурадлъун. Кинабниги нижеда батана ва гьаб мажмугIалда кьолеб буго гьел лъугьа-бахъиназда хурхараб кочIол анкьго батIияб къагIида. Цо-цоял басмаялда рахъунги рукIана, цогидалгун данде ккведе, камураб ва тIокIлъараб бихьизе жеги басмаялда рахъичIелгун цадахъ гьелги кьолел руго гьанир.

ТIоцебе гьеб кечI гьитIинаб брошюра хIисабалда бахъун букIана 1942 соналъ фашистазул Германиялъулгун СССРалъул рагъул бищун хIалуцин цIикIкIарал къоязда. Гьеб басмаялъул цеберагIиялда М.-С. СагIидовас, къокъаб тарихияб баянги кьун, хъвалеб буго: «БахIарчильиялда жидеца ватIан цIуниялъул хIакъалъулъ, тIаде рачIарал тушбаби гьалаг гъариялъул хIакъальуль, авар халкъаль гIемерал гьайбатал кучIдул ва хабарал нахъе цIунун руго. Хадусеб наслуги тушманасде данде гьедин бахIарчилъиялда ва беркъачIого рагъизе кколеблъи умумузулъанго батараб хвалчен къабизе бугеб махщел гIодоб тезе бегьулареблъи нилъеда гьел умумузул кучIдуз бицунеб буго.

ГIемерал батIи-батIиял вариантаздасан босун, цойиде данде бакIарун, чIаран, тартибалде ккезабун, гьайбатаб авар халкъалъул гьаб эпос дица дир гIолилазе, социалистияб дир ватIаналъул гражданазе

сайигъатлъун кьолеб буго. БахIарчиял умумузул мустахIикъал васалльун чIун авар халкъалъул гIолилазги, СССРалъул цогидал халкъалгин цадахъ цойида, нилъер гIазизаб социалистияб ватIан цIунулеб буго; берхъагIарав тушман пасат гьавулев вуго, гIисиналги чIахIиялги нациязул бищун квешаб тушман — гитлеризмалде данде, фашизмалде данде рагъ гьабулеб буго. Эркенал умумузул рагъулаб рухI рекIелъ гьалдолеб бугеблъи нильеца тушманасда дагьабги кутакалда ишалдалъун бихьизабизин»[1].

ХIалуцараб рагъ унеб 1941 соналъ загьирлъун букIана Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хIакъалъулъ кочIол кIиго вариант. Жеги кIиго вариант батун букIана МалламухIамадил Жамалудинида. Тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул институталъул квералъ хъварал асаразул фондалда. Гьел хъван руго магIарул мацIалда гIажамалъ М.-С. СагIидовасдаса. Хадуб гьеб кечIалъул цойги вариант батана 1962 соналда ва хадуб басмаялда бахъана ГI. Ахлакъовас. Цойги дагьаб батIияб вариант С. ХIайбулаевас ва М.-К. Гьиматовас басмаялда бахъана 2001 соналда.

Гьал киналго вариантал нижеца кьолел руго хронологияб къагIидаялъ (цере хъварал яги рахъарал – тIарада, нахъе риччарал – ахада) ва гьединго тIаде журан руго баяналги. Гьал киналго вариантал данде ракIарана ва баянал кьуна Кьенсерухъ мухъалъул

[1] Надиршагь виххизавиялъул хIакъалъулъ кечI (Авар халкъалъул эпос) / БатIи-батIиял вариантаздасан текст тартибалде ккезабурав ва бакIарарав М. СагIидов. МахIачхъала, 1942. Гь. 16.

(ЧIарада район) ГIириб росулъа Шунилазул МухIамадил ШагIбаница. ГIажамалъ хъвараб кIиго вариант батана ва кириллицаялде буссинабуна Кьурукь мухъалъул (Шамил район) ЗанатIа росулъа МалламухIамадил Жамалудиница.



Надир-шагь



Ибрагьим-хан ГЪолоде вачIарав мехалъ, гьесул аскариязде данде вагъун шагьидлъарав цIоралъул магIарулав Маликие гьабураб назар

Надир-шагь Къажарияв вачIиналъул марсия[2]

ГIенекке гIадамал хабар бицизе,
Бицизе лъаразе кици гIадинаб,
АхIизе лъаразе турки гIадинаб,
Гъажар гъуриялъул кица бицизе
Ханзаби, шагьзаби дандеги лъугьун
Диван гьабунила даб Ираналда
Дуниял квегъизе гьал къажараца
Я дал гъолодисез хан чIварав лъайдар[3]
Лъуна каранда цIа цIуна задалъа[4]
Туплисалъул ханас[15] хитIаб гьабураб
Хъвараб кагъат щвана шагьасда тIаде,
  МугIрул чундуздаги чармил махх баде,

[2] КочIол ахиралда хъван буго: *«Гьаб хъвана Къурбанил ГIумарил МухIамадица ХIажи-МухIамад бин ГIали ас-Сугъуриясул рагIабаздаса. Гьаб турагIилаги ккун буго гьаб соналъ – 1147»* (григорияб календаралда рекъон 1734-35 сон; гьеб букIана Надир-шагь тIоцеве Гъумекив швараб заман, гьесда тIад бергьенлъи магIарулаз босана 1741 соналда).

[3] 1738 соналда Надир-шагьасул вац Ибрагьим-хан ЦIоралъул магIарулал, ай Чарлъул республика квегъизе, ЧIар ва Гъолода росаби рухIизе абун вахъана. Ккараб рагъда ЦIоралъул магIарулаз – ГIадалав Ибрагьимица ва Халилица гьев чIван вуго ва гьесул 32 азарго чи вугеб аскаралъул 28 азаргояв чIван вуго ЧIар росдада тIад бугеб Чинихъ кIкIалахъ. Жиндир вац чIванин рагIарав Надир-шагь цIакъ ццидахун, магIарулал дунялалъул гьурмада тIагIинарилин гьедана ва кватIичIого жиндирго гьа тIубазабизе вагъарана.

[4] Ццидаца.

[5] Доб мехалъ бакъбаккул Гуржистаналъул ханлъун вукIана магIарулазда жив лъикI лъалев ГьерекIли II-абилесул эмен - Таймураз II. 1733 – 1744 соназдаса гьев вукIана Кахетиялъул ханлъун ва хадув, 1762 соналда хвезегIан, Картлиялъул ханлъунги. Гьесул вас ГьерекIли вукIана Кахетиялъул ханлъун (1744–62 сс.). Эмен хведал гьес Картлиги жиндирго кверщаликье бачана ва живго рагIизавуна Бакъбаккул Гуржистаналъул къиралллъун, 1798 соналъ жив хвезегIан. Гьел кIиялго рукIана Надир-шагьасе мутIигIал ва гьесдаса гIезегIан квербакъи щварал ханзабилъун. Гьезда данде чIарал Картлиялъул азнавурзаби (гIисин нуцаби) Надир-шагьас бутIрул къотIун ва цогидал вахIщилъаби гьарун гьезие мутIигI гьаруна ва эменги васги ханлъуда тана.

Чармил кьурукьанги нухда рахъинзе
Хиял цIакъаб лъуна дав Надир-шагъас.
ШаргIалъул ахIкамал мекъса руссарал
Мекъса квалквадулел квешал къажарал
Квешдае ургъана ГIандаллъиялде,
ГIандалазул къади къура гъавузе[6],
Къивуда[7] Сурхайил[8] хIалги бихьизе.
БагIараб къатIипа черхалда ретIун,
ХъахIаб меседалъул таж ботIрода лъун,
Меседил кьалал чIван чуялги кьолон,
ГIарцул лъалал[9] ругел хвалчабиги ран
МухIаррам моцIалъул анцIабилеб къолъ[10]
КъачIанила къажар къватIиб лъугьизе.
ГIарцул магIдан бугеб румазул шагьар
ГIарцул гвандал раде гумил къачIана,
Ралъдалъеги ччугIби жал гамихъаби
Ралъдал жазиралде жал хIадурлъана.
Нусазар чи вугеб Хурасаналда[11]
Гьелги цадахъ гьарун къокъана Тагьмаз[12]
Базарго гIемераб даб Тавризалда[13]
Базар цадахъ гьабун къватIив вахъана,

[6] Къварид гьавизе.
[7] Къибуди – магIарулаца хIалтIизабулеб букIараб Гъумеки росдал некIсиб цIар.
[8] Сурхай-хан II (квер гьечIев Сурхай) вукIана 1700–1741 соназда Гъазигъумекдерил ханлъун.
[9] Лъулдул.
[10] Гьеб буго 1154 соналъул 10 мухIаррам, ай григорияб календаралда рекъон 1741 соналъул 27 март. Гьеб къоялъ Ираналдаса Надир-шагь вагъарана МагIарухъ улка (Дагъистан) квегъизе.
[11] Ираналъул тарихияб улка, бакъбаккул хьунда (севералда бугеб). Гьелъул тахбакIлъун ккола Машгьад шагьар.
[12] Тагьмас букIана Надир-шагьасул тIоцебесеб цIар.
[13] Ираналъул тарихияб бакътIерхьул хьунда бугеб шагьар.

Чамниго[14] гIемерал дур (1) // хIамавурал[15]
Чуял къачIазилан гьелги рачана
Къапила пуланаб Бирияралда[16]
ГIараб боязул ягъи[17] тIамуна
Гьеб щибаб урка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб урка цадахъги бачун,
Багъарана къажар даб Туплисалде
Туплисалъул ханги теларин абун.
Туплис рагIалдаре жал щвараб мехалъ
Суждаялде ккана туплисалъул хан,
Азнавурзабазул бутIрулги къотIун
ТIад харжги хъван тана даб Туплисалда.
Гьебщинаб урка-ракь квердеги босун,
Босунщинаб урка цадахъги бачун,
Багъарана гьаб къажар даб Гъолодабе[18],
Я дал гъолодисел теларин абун.
Я дал гъолодисел жинца таниги,
Ибрагьим-хан чIварал теларин абун,
Ибрагьим-хан чIварал цIеца рухIана,
ЦIаракIухъа[19] ясал рахахун рана,

[14] Чамалиго.

[15] ХIамавурал – хIамбалиял.

[16] ГIемерисел вариантазда – Бидияр. Гьеб букIине бегьула Димашкъ шагьаралъул цо кIудияб, тарихияб авал (Бидияр шарки). Гьенив масала вукъун вуго 720 соналда хварав ГIумайдиязул халип ГIумар бин ГIабдулгIазиз.

[17] ТIубанго гьаб рагIул магIна бичIчIизе кIвечIо.

[18] Гъолода – некIсияб магIарул росу, жиндир кIодолъиялъ ва цогидал шурутIаз жинда ЦIоралъул тахшагьарин абизе бегьулеб. 1741 соналда Надир-шагьасул апгъаназул бояз биххизабун хадуб гьеб рехун тана ва гъолодисел ЧIар росулъе гочана. Гьанжеги гьеб бакIалда некIсиял хабал ва чIваднал хутIун руго ва щибаб риидал гьенире зияраталде гъолодисезул наслаби хьвадула, умумузул хабалаздеги раккизе, росдал сверухълъиги цIияб, бачIунеб гIелалдаги бихьизе. Гьеб росу букIана Закатала шагьаралдаса 7 км. хьунал рахъалдехун бугеб, мугIрул гъолода, гьелдасан жиндие цIарги щвараб.

ЦIа тIамун къвагъана къамишул рукъзал.
Рагъуе цIар бугел лъиял бахIарзал,
ЦIар къотIунищ ккараб гъолодисезул
ЦIаруй урка бугав Гъубал ханасул[20]
Хиял мугIруздабе[21] гъулугъ бачIана,
Мисри-Шамалдасан[22] хвалченги босун,
Хурасаналдасан магъало босун,
КагIбагиму Къилба къваридги гьабун,
ЦIарбицилан абун халгIатги ретIун,
Хаба[23] шагьаралъул боялги рачун,
ГIи гъурде къачIараб гъанда бацI гIадин
КъачIана Тагьмаз-хан даб Гъумекиве
Къивуда Сурхайил хIал бихьизелан.
Урка-ракь кIудияв квер гьечIев Сурхай
(2) // Цо къо къалъилелде кверде восана,
Сверухъ цIар рагIарай Сурхайил ГIашат
Гьев гъажарасулгин бусен цолъана.
Дунял сверун гIураб гIаздагьадул тIинчI,
ГIун буго дур бицен гIодов балагье.
ГIадан чи щоларев уцумизул[24] хан,
Гьунде мун щваравго гьевги хIинкъарав.
Нахъ чи вахъуларел чундизул юкал
Дуца хвалчен хьвагIдар ватIан тун арал.
Нилъги ватIаналде руссун лъикIилан

---

[19] Гьеб ккола КIахъиб районалъул бищун борхалъиялда бугеб росу, гьанже гьелда цIарги Сарыбаш буго. МагIарулаз гьениб гьанже падар (азирбижан) мацI бицуна.
[20] Гъуба хан (гIурус. – *Кубинский хан*) – Азирбижаналъул хьунда бугеб улка-ракьалъул хан (гIемерисеб цебе лезгиязул букIараб).
[21] ГIурус мацIалда гьелда гьанже Шахдагилан, ай шагьасул мегIерилан абула.
[22] Миср (гIурус. Египет) ва Шам (гIурус. Сирия) ккола гIарабиязул улкаби.
[23] Цогидал вариантазда – Халбат. Тавризалда аскIоб бугеб Ираналъул шагьар.
[24] Уцуми – хайдакъазул хан.

КІалъана Надир-шагь Тагьмаз-ханасда.[25]
Гьеб бицулеб рагІухъ гІинго тІамичІо,
ГІандалазул къади къурав вузилан[26]
МохІоб[27] ЧІалда[28] гьоркьоб чадирал чІвана
ГІабхъадерил магъилъ чуялги рухьун,
Гъоб ХицІиб[29] магъилъе рагъги тІибитІун,
Балеб ахІи буго Дагъистаналде
Гьелдалъун тушбазе талихІ кьейгилан.
Гьединаб хІалалда жал ругеб мехалъ,
ГІобохъ[30] кьурда тІад чадир бихьидал,
Къил[31] гІакІа ахІула сугъулдерица
Росу тун аразул оцал хъвелилан.
Шитлиб[32] рагІаларе сангарал къарал,
Къилго рузманалда вагІза гьабуна,
ТупанкІал къаларел къолдаби ретІун,
Хвалчад къотІулареб къатІипа ретІун
ГІандалазул къади къватІив вахъана
КІкІуй жубодебуна[33] КІудаб хьундаба.
ГІелму-гІамал бугел гьал гІалимзабаз
ГІакълу-тадбир буна тІолго боязе.
Гьединаб хІалалада жал къачІалаго
Балеб ахІи буго ХІицІиб[2] магъилъе:
Агиласул хуриб къаргъа гІагило,[34]

[25] Гьаниб гъалатІ бихьула, гьел цого чагІи ругелъул.
[26] Къварид гьавизе.
[27] МохІоб – ГІандаллъиялда (гьанже Гъуниб мухъ) бугеб росу.
[28] ЧІалда – мегІералъул цІар (гІурус. Турчидаг).
[29] ХицІиб – сугъулдерил цо кули-ракьалда цІар.
[30] ГІобохъ ГІандаллъиялда (гьанже Гъуниб мухъ) бугеб росу.
[31] Къойил, щибаб къоялъ.
[32] Щитлиб – ГІандаллъиялда (гьанже Гъуниб мухъ) бугеб росу.
[33] Жубазабуна.

ХIебул рагIалде[35] болчIур[36] гIагило,
Агьа гIолохъаби, жи гIолохъаби,
Жакъа чучарасул чилъи бухIайги,
Чучун вагъарасул лъади (3) // гIодайги,
БахIарчи лъикIав жо кьороб гохIдаве[37]
Кьвагьун къосуларел хъирмалги росун,
ЧIчIей багьадурав жо Алда рагIале[38]
ХIанчIил бер толарел тупанкIалгина
Зири[39] нахъкъай бихьичIел гьал гIолохъабаз
Ад кIанцIун рагъ буна Алда рагIала,
Кьалулъ тупанкI рихьчIал гIисин нуцабаз
КIкIуй жубодебуна КIудаб хьундаба,
ЦIудуд гьава балеб Гьебила гохIла
ЦIадулаб рагъ бурав будунгин дибир,
КIавго шагьидлъана къелдерил гIакъил.[40]
Кьабе, гIолохъаби, чарнил хвалчаби
Хулчналалъул киниса[41] би билъиндегIан!
Кьвагье, гIолохъаби, дурусал хъирмал
Хъирмазул кIкIалазда кIкIуй бетизегIан!
Хвалчен кьабаралъуб чармаги жемун,

---

[34] Къаргъа гIагилу. Къаргъа – лъималазул рагъулаб хIай. Ай къаргъалъун букIа абе.

[35] ХIебул рагIаллъи – некIо заманаялъ сугъулдерил гIолохъаби чIорбутIаз кьвагьдезе рахъунел рукIараб бакIалда цIар.

[36] БолчIор – газаргъу. Ай кьвагьдолеб бакIалда гьабулеб рагъулаб хIайлъун букIа абе.

[37] Сугъулдерил цо ракьалда цIар.

[38] Сугъулдерил цо ракьалда цIар.

[39] Расниги.

[40] Къелеб – къаралаздаги гьидеридаги гьоркьоб цо кIкIалахъ бугеб 7 росдал гIаммаб цIар. НекIо гьениса гочун рачIун Сугърлалъ цо тухумалъе къелдер абураб цIар щвана, гьениса гочун бачIараб анцIила хадуб хъизаналъ кьучI лъураб букIун. Гьев будунги дибирги къелдерил тухумалдаса вукIанин ккола нижеда.

[41] Хвалчадул киниса, ай би къватIибе ине тараб хвалчадул рахънида жанисан.

Кьебезе рекIана гьал гIолохъаби.
ТупанкI речIаралъуб чIортоги бугIун,
Кьвагьизе рекIана гIисин нуцаби.
Гьорол бухIи буго МохIоб ЧIалда ад,
Зодол гъугъи буго Шитлиб ргIала.
Гьединаб хIалалда хIал-зулму ккедал,
ХIамзалатги[42] ана Бис-гIоралдехун[43],
Кьессер уркаялде[44] кумак гьаризе,
МуртазагIалиги[45] Хунзахъе ана
Хунздерил боязе тадбир гьабизе.
Сугъулдерицаги хъван кагъат ана
Гьадин ругин абун, лъикI гьечIин абун,
Сверун гъажаразги къан къварид ругилан.
МуртазагIалиги жудехъе щведар,
Гьеб рагъул мухIканлъи жудеда лъадар,
КъачIанила рагъул Хунзахъ Дайтилал[46]
КIалалъ махх букъулел чуялги рачун,
Махулал къолдаби черхалдеги ран,
Чергесал буртаби горбода (4) // рехун,
БацIил лъулдил ругел хъирмалги[47] росун,
ХIанчIил бер толарел тупанкIги росун.
Гьединаб хIалалда жал ругеб мехалъ
КIалъазе рекIана чIваяв Тагьмаз-хан:

---

[42] БитIун ХIамзалавилан ккола.
[43] Рис-гIор – ЧIегIер-гIоралъул кваранаб гIаркьел. Гьеб ккола Риссиб (гIурус. – Дусрах) абураб росдал цIаралдаса лъугьараб рагIи. Гьебги бис (гIурус. – дагестанский тур) абураб рагIудасан бачIараб буго.
[44] Кьессер буго жибго Кьенсерухъ мухъ бикIкIичIого, жеги Муккракь ва РисгIор данде бачунеб цIарги. Гьанже гьеб ккола ЧIарада мухъалъул къаралал нахъе тун гIемерисеб бутIа.
[45] Машгьурав рагъухъан, Сурхайил вас.
[46] Хунзахъ рагIи билълъараб тухум.
[47] Хъирим, ай Хъирималда (гIурус. Крым) гьабураб туманкI.

– Балагье, балагье, квер гьечIев Сурхай,
Гьал дир боязухъги дур боязухъги!
Цинги балагье, квер гьечIев Сурхай,
Гьал дир кутузухъги дур гIункIкIазухъги!
– Бицунге, гъажарав, гьединаб рагIи,
Тирула сверула бакъул дуниял,
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метерида лъала дуда азул хIал.
Гьединаб хIалалда жал кIалъалаго
Цо гъупи бахъана жазагIлабазул[48]
Цоги гъупи буго истампулазул[49].
–Дуе гIумру кьеяв, квер гьечIев Сурхай,
Гъоб чIегIераб чолчи лъил вас, Сурхай?
ГIумру кьун вохаяв, Сурхай МухIаммад,
ТIаде щвараб къокъа щиб рахъалдаса?
– Гъоб чIегIераб чолчи дир МуртазагIали,
КIиябго жиндир квер гIодо бортаяв.
ТIаде щвараб къокъа Хунзахъ Дайтилал,
ТупанкIул кIкIуйдулъа дунял къвагъарал,
Бицулелцин рагIичIищ лъикIал бахIарзал?.
– Дурабго бортайги квер гьечIев Сурхай
ГIайибилан ккечIищ, лъикIав бахIарчи?
Чоде тIаде вахун хвалчен хьвагIула,
Чол магьдикье вахъун тупанкI кьвагьула.
– Дур МуртазагIали дир ани, Сурхай,
Дир бугеб жо урка дур ани, Сурхай,
Дур хунздерил боял дир ани Сурхай
Дир бугеб урка дур ани, Сурхай».
Гьев МуртазагIалил (5) // хIурматий абун

48 ЖазагIил – жазаир (гIурус. Алжир) – ай туманкIул тайпа.
49 Истамбул шагьаралда гьабураб туманкI.

Кверазда бараб махх имсул ричIана,
Гьев МуртазагIалил адабин абун
Сурхайил ГIашатилгин бусен биччана.
Дурму[50] къватIиб босун добе балагьдар
БацIцIун гъурун буго гъажарил урка.
– РачIа, магIарулал, рекъел гьабизе,
Васал ракьищ нужей? Нуцаби кьела,
Исхъалул[51] чухъилъан гъуждул раккарал!
Ясал ракьищ нужей? Мусудул кьела,
Меседил гарбазда гъалал гьурщарал!
ГIарац бакьищ нужей? Къололъа бала,
Надир-шагьил сурат кумарахъ[52] бугеб!
Месед бакьи нужей? СахIид босила,
ГъалбацIил сурат мекъаб рахъ[53] бугеб!
– Васал ракьа нижей, нуцаби ракьа,
Нижерго хулчакьа рахъарал ракьа!
Ясал ракьа нижей, мусудул ракьа,
Нижерго гIолохъабаз росарал ракьа!
ГIарац бакьа нижей, гIемераб бакьа,
Нижерго хъирмаца бахъараб бакьа,
Месед бакьа нижей, гIемераб бакьа,
Нижерго гьунаралъ босараб бакьа!
КъотIуму чол бохал дакъийеги лъун,
Рагъизе къачIана гьал гIолохъаби.
Рикьи хьалеб хурив къогояв чIвана,
Къали хьалеб хурив нусгояв чIвана,
Ракул хIама щвечIеб махIадерил мегъ

[50] Ай дурмаберал (гIурус. бинокль).
[51] Исхъали – хамил тайпа.
[52] Кумарахъ - кваранаб рахъалда.
[53] Гьаниб бицунеб буго Ираналъул гIарцул, цояб рахъалда Надир-шагьасул сурат, цогидалда – гъалбацI бахъараб.

Гъажаразул иххид махIцулеб буго.
Рихьизе кьариял гъужрузул чуял
КIи-кIи бачун ана гIолохъабаца,
Кьвагьизе дурусал истампул хъирмал
Цо-цоясда кодоб цо-цояб щвана.
Гьундаса лъутарал гъажаразул бо,
Нахъ хвалчен бацIана гьал магIарулаз
ЦIоралъул кавуда курмал тункдагIан.
(6) // ГIарац-меседалъула бураб къоял?
Къокъадул бетIерас гIакIа ахIана:
– ГIарац бищаравги дир чукъа гуро
Дав ГIашураласги[54] ахIи тIамуна:
– Чучун вагъаравги багьадур гуро!
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал
МугIрул гирун ана гъажарги бацIун,
ТIокIав нахъвуссизе чиго течIого
Тункун щвезаруна даб Ираналде,
Дав гъажар шагьасул меседалъул таж
Тана ракьулъ бахчун МохIоб[55] кьурда тIад,
ТIадвуссун вачIани гIияхъе хъведе
Хъвараб кагъат буго Дагъистаналда
Нахъе руссулаго месед бищана,
Шугъ рагIалда[56] рещтIун вагIза гьабуна,
Агиласул хуриб хумус бикьана,
Къадиясул байрахъ къватIийги бахъун,
Рохелги гьабуна талихI кьеялъул.

[54] Гьев ГIашуралав щив чияли лъазе кIвечIо.
[55] ТIанчил квегIаб рахъалда тIадежубан буго ГIобохъ абун.
[56] Сугъулдерил цо ракьалда цIар.

هذا امر صيفة في ماوقع نادر شاه القجي رك وطهماز خان

عنيك عدوك ضير بژزر بژزر ككذكو عزنه اكذ كرزر
تكر عزنب غجر غزيلك حصن بكذ فنذب شاه زب دنذك
لهن دوه صبنك دب ايلانلد دنيال كفرهل قحرژ
يادك غلو دصندحن حرو لدر لن كدندژ ژن زدل
تغلسلك فنص فطب هبرب صرب كفت مشن شاهد
لد معرل جن دزدك عرك نخ بد حزنل قدقنلع نخ
ددفن خيال ژقب لن دو نادرشاه شدعلك
لصكلمل مقص دسرك مقص كل كلدلك كيشل تحرل
كشدى اوغو عندل لبلد عند لزل قدقر هرد قعد
سوفيل منرع بكذ لعرب ققطف چرطلد دلهن محب
مسدلك تاج بطرد لن مسدك غلل صن حيلع قلن
عرژل لكب دكل ضل صل دن محرم منژلك انزابلع
قل مجن ل مجر مطب لهد عدژل معدن يكب دمل
لشهر عرژل كندل دد كومل مجن دلدلك جعب عل
لمحب رلدل جزير لدعل هدد لن لوس عزد جدكن
ضرستلد اللع ژوخ هرك ققن تاهن بزدلع مجون
دب تع دزلد بزدژدخ هبن قطعوفن صرلع مجدل

حايك بب

دُرْحِمُ غُرُلْ چِيلْ قَجْزلَتْ هِلْكعْ رِضِنَ تَقْفِلْ فُلانَبْ بِدِيا
رَكَلَّدَ عَرَبْ بِبِيزَلْ يِعْزِغِ طِمَنْ هِبْ بِشِنَبْ ارْكعْ رَقْ كِرْدِكْ
بِصَنْ بِصَنْ بِشِنَبْ ارْكعْ ثْدَفْلكْ بِجِنْ بِغُوتْ تَمْجَرْ دَبْ
تِفْلِسْلِدْ تِفْلِسِيلْ فَنْكعْ تِلِرِنْ ابَنْ تِغْلِتْسِنْ رِعْلِدْرِ
جُلْ بِشُرِبْ مِجَلْ بِسَجَدْ يَلِدْ كَنْ تِغْلِسِيلْ قَانْ ازْنُورْ
زِيزِلْ بِطَرْلَكعْ قُطَنْ كُطَدْفِرْجِلعْ فَنْتَنْ دَبْ تِفْلِسَلَدْ
هِبْ بِشِنَبْ ارْكعْ رَقْ كِرْدِكعْ بِصَنْ بِصَنْ بِشِنِبْ ارْكَ ثْدَفْلكْ
بِجِنْ بِغُوتْ هَبْ مَجْرْ دَبْ غُلْدَبْ يَدَلْ غُلْدَصِيلْ تِلْوِنْ ابَنْ
يَدَلْ غُلْدَصِيلْ جَنْثَ تَنَكعْ ابْرَهِيمْ قَانْ چِرَلْ تِلِيِنْ ابَنْ ابْرَهِيمْ
قَانْ چِرَلْ ثِثْ رِضِنَ ثْرِكِجْ بِيسَلْ رَضِحَنْ دَنْ ثْطَمْ قِيفَنْ
تَمْشَلْ دِقْقَتْ رَغِيثْ دْ بِكَنْ لِيَدْ بِحِرْ دْلْ ثِدْ دْقُطَنْ
تْشْنْ كِرَبْ غُلْدَصِيلَ ثِدِي ازْكعْ مَكُوغَبَلْ فَنْصَلْ
ضِبَلْ مَعَرْ زْكَبْ غُلُغْ ابْجِنْ مُصَنْدْشَا مَلْدَصَنْ قُلْ جِيدعْ بِسِنْ
فُرْسَا نَلْدَصَنْ مَفَلْ بِسِنْ كَعْبَكِمْ قَلْبَ قِرِدِكْ هَيَنْ .
ثْدْ بِثْلَنْ ابَنْ فَلْ عَكْدعْ رِطَنْ ضَيَا شْهَدَلِكْ بِبِلكعْ رِضِنْ
يِحْ عُودْ تَحِرَبْ عَنْدْ بِثْغِدَنْ مَجِنْ تَهْمَرْضَانْ دَبْ عَكُو قِيدْ
تَسْرَضِيكعْ مَنْ بَكَرِلَنْ ارْكعْ رَقْ كِدْيُو كَرْ هَجُو سَنْرَهَايْ

آ

ذق قللله كرد وصن صوح ذد دعرى نسرقيل عشخ هو

نجوصل كن بنن ذلن دنيال صون عرب نجدهدل لمنج عن

بلع دد بزن عدع بله عدن چ شلرو اذعول خان هندمن

نشرقلع هقلع صنقرو نخ چ وفلول جندك زل ركل دذهل

چن كمدر وتن تن ادل نلدع و تانلد دصن يدع لي كلن

نادر نشاه تهمدفالفلد هنب بزلب دنجخ عنلدع طمنج عندلذل

قد قرو ولك محب جلدهرقب جدرجب عوضدرل مقل چيلدع

دكن عن ضزن مقل دغلع طبطن بلب اج بدع دا غستت نلد

هندلل تجيز تلح قيلالن هدنب حللد جل دكب تجيل عنج

قرد طد چدر بكدر قل علع احل تعلدر ذ دسن تن ادذل

اذل خل لن نشتلب دعلر صنكرل قدر قلدع دجنلد و عرهبه

تفن كل قلد قلز ل قلدب دطن فل جد قطلرب حطع دطن

عندلذل قد قطو وضن علم عمل بكل هل علم ذبز عقل لدبز

بن طلدع بيئز هدنن حللد جل محللع بلب اج بدع قن مغل

اكلفل صوب قدغ عكل قبل دعلب بلذ جز عكل اكا عل

فبجب جي علجب يغ ججصل جل بجيلدع جن وعرصل لد

(margin) بن ربعا نشعر / قد بيار رنيكاه

(margin) ۸ للجينه

(margin) تعلوعين صن بيع منيح العشر / الا نيار نيكاه المطلب

(margin) ثقلدرل / كل

[illegible]

وحن بؤل ليلال دكل فؤملاع دسن ضنجل بوتلول تغنل الله

دسن هيدنب هللاد حل دكب مجل كلنز دكن جيو تهمزفان بله

بله كز هجو سرفاي هل دبيز خلع دبيز خلع ثنل بله كز

هجو سرفاي هل دكتوز خلع دز عنلوز خلع بزع نجرو هدنب

ربع متول صرل بقل دنيال بتدل حمل بكل هل فقرلال عتود

ليل ددازل حل هيدنب هللاد جل كلالع ثعغى بحن هنزع

ـ١ اى بحرزل

لبزل دلع عنى بلع استنغلول دك محمد تيو

~~طدشرن ققع تثب رفلدهى عنب جيعرن يل بحى كز هجو سرى~~

عنب جيعرن جل جى يل وسن سرحى محمد حن و فيو سرحى محمد

طدشرن ققع تثب رفلدهى عنب جيعرن جل جى دمو تغنلى كيبلع

جندوكز عد بز تيو طدشرن ققع ضنزخ دينال تغنل كى

دل دنيال ثيغول بتدل دن ربحشن ليل بحرزل دبل

بوتيرع كزهجو سرفاي عيبلل كجشن ليو بجرخ جد طد وحن

خل جن كعل جل مهجع وحن تنثرع قيهال دز مو تغنلى

وداين سرحى ودبكبج ازلع وداين سرحى دز فند ودل بيكل

وداين سرحى ودبكبج ازلع وداين سرحى جع مو تغنلل

هودفترد ابن كوذود برن مخ اوصل رحيق هوعرقنعلل ادبن

ابن سرضيل عشتكن بسن بشن درم قطب بسن كد

بلهدر برثن عزن بنع نججل ادك دجي معرلك رقل هنم

وسل دقيش نجي نترب قل استعلل مجلن نجدل دكول

يسل دقيش نجي مسدل تل سيدل كرندد غلل هرشرل

عرثن بقيش نجي قل لي بل نادرستا هل صدورت كمرخ لكب

مسدلبق نجي مثل صدبزل غل برثل صدورة مقب دخ نكب

وسل رق نجي نترب رق نجرك فل جلي رضرل رق بسل رق

نجي مسدل رق نجرك عالخبز رسر ل رق عرث لق نجي عمرب لق

نجرك جرمتر اخرب بق مسدلبق نجي عمدب بق اخرك هنرل

بسرن لق قطم جل نجل دقيتع لي دنجر نجين هل علخب

رق كلب صرع مكيع جن قل كلب فرو نسكيع جن .

دكل هم شيي محددل مع نجدرل اضد مح ثرليلع

دكند قريل نجودرل جيل كيع خ نجين ان علخبز قهرد رسل

استعمل عومل ذثر يعدكدن ذثرب شن هندمن لتدل نجبل

بعدخ فل جن بذن هل معرلن ثردلل كود كرمل تنكدعن

عمرث مسد لكل برت قيل معقدل بطوص علع اقمه عرث
بشرفلع درجق كر دوعشد لصلع اخ طمن جوجن وعمرولع
بهد دكو بزل حمل بكل هل معر لل معر ل كرت ات
عجدلع برت الكو نخ وصبرجيلع بجلع تنكن شدرك
دب ابرا نللد دع عجد مشا هصل مسدلد تاج تت دقل
بخ جن محوب قرد اد طدوصن وجن عنخ خدضوب كفتة
بدع دا غستاانلد نخ دصللع مسدبشن سفوخ دعلد شطن
وعصن هبن اكلصل ضوب ضسن بعسن قديصل بيرخ قطيلع
بخث دخللع هبن تلح ق يلل يعن

عبوخ

هبلع ضن قدنبل عمدل محدل حاتم جح محمد بن علي الثعوري هيا ندعلع
كت بلع هب
سنة ١١٤٢ معرب

Надир-шагьасул хIакъалъулъ кечI[56]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин,
Бицине лъарасе кици гIадинаб!
ЧIахъаял, гIенекке къиса ахIизин,
АхIизе лъарасе турки гIадинаб!
Нусазар чи вугев Хурасаналъул
Боги хадуб бачун къажарав Тагьмаз,
Къандагьаралдаса[57] рекIарал рачун,
Шираз[58]-Килаталъул[59] лъелаби ахIун,
ЧагIиги гIемерал гьамаданазул[60]
Чуял хазинадул цIезе гьарурал,
Базарги гIемерал дал табризазул
Базар цадахъ бачун гьелги къачIарал.
Ханзабазулги хан хваяв Надир-шагь,
КъачIана Тагьмаз-хан дунял квегъизе,
ГIарцуца къачIарал боялги рачун,
Меседалъ къачIараб къажарги бачун,
Галамал рихъулел гумпарабигун[61]
Сангарал тIутIулел гIарадабигун,
Чадиралги росун, топхана[62] бачун,
Чи вихьун алапа[63] хъатица бикьун,

---

[56] Гьаб кечI батана М.С. СагIидовасул пондалда гIажамалъ хъвараб даптаралда
[57] Апгъанистаналъул шагьар.
[58] Шираз – Ираналъул бакъда рахъалда бугеб бакъда шагьар.
[59] Килат – гьанже Пакистаналъул бакътIерхьуда, Ираналъулгун гIорхъода бугеб шагьар.
[60] Гьамадан – Ираналъул бакътIерхьуда бугеб шагьар.
[61] Хъаладул къеял (галанал) риххулел гIарадабазул тайпагун (гIурус. мортира).
[62] Топхана – гIарадаби жанир ругеб арсенал.
[63] Алапа – мухь, харж ва гьелдаго цадахъ рагIи-хер.

Багъарана къажар дунял квегъизе,
Магъриб[64]-Машрикъалде[65] хIинкъи тIамизе.
Доб Типлис рагIалде жал щвараб мехалъ
Суждаялда чIана Типлисалъул хан,
КIиазар ашрапи бодуй бикьана,
ТIаде хараж къотIун тана азнаурзаби.
Гьеб хIакъаб капурлъи жинца къурчIидал,
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана къажар бехеб Гъолоде,
Я гьал гъолодисел жинца таниги,
Ибрагьим-хан чIварал теларин абун.
Ибрагьим-хан чIварал цIеца рухIана,
ЩIа тIамун къвагъана къамушил рукъзал[66].
1.// Я дол гъолодисел рохьазде ана,
ЦIаракухъе ясал асир гьаруна,
Чи вихьун гIалапа бодуе бикьун
РештIана Надир-шагь Закаталанив.
Гъолода гьабураб гьезие гьабун
Багъарана къажар Дагъистаналде
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун
Босанщинаб улка цадахъги бачун
Вагъарана Тагьмаз даб Гъумекиве
Къивуде Сурхайил хIал бихьилилан
Улка-ракь кIудияв квер гьечIев Сурхай
Цо къо къалъилелде кверде восана
Гьев Сурхайил МуртазагIали

[64] Магъриб – бакътIерхьул рахъ.
[65] Машрикъ – бакъбаккул рахъ.
[66] Бехе Гъолодайин абулеб бакI буго Алазан гIурул рагIаллъаби, жеги мугIрузде щвелалде. Гьенир гIумру гьабулел хъузхъузул ва мугъалазул рукъзал рукIунаан муцIидул (гьанир – къамушил).

ИмгІал Нуцалихъе Хунзахъе ана.
Сверухъ цІар рагІарай Сурхайил ГІашат
Гьев къажарасулгин бусен цолъана,
Кверде керен щвечІел берцинал ясал
Дин тарал къажараз басра гьаруна,
Мунагьалъе гІечІел гІисинал лъимал
Майданалде рачун чол бой риччана.
Гьабщинаб улка-ракь кодобги босун,
Босанщинаб улка хадубги бачун,
Багъарана къажар ГІандаллъиялде,
ГІандалазул улка бухІизе абун.
МохІоб ЧІалда гьоркьоб чадиралги чІван,
ГІабхъадерил магъилъ чуялги рухьун,
Бухтибгиму[67] Сугъралъ цІаялги ракун,
ЦІун буго ГІандаллъи гьал къажаразул.
ХицІибе магъилъе рагъ тІибитІана,
Сугъулдерил къади рагъде лъугьана,
Къол гІакІа ахІула сугъулдерица:
– Жакъа чучарасул чилъи бухІаги,
Чучун вагъарасул лъадул цІар ккаги,
Вай, гьа гІолохъаби, гьа гІолохъаби,
Агиласул хІуриб къаргъа гІагилан,
ХІебул рагІаллъуде болчІур гІагилан!
Жакъа чучаравги дир чукъа гуро,
Чучун вагъаравги дир гьалмагъ гуро,
Кьабе, гІолохъаби, чарамул хвалчен
2.// Хвалчадул балада би бетизегІан
Кьвагье гІолохъаби дурусал хъирмал
Хъирмазул кІкІалазда кІкІуй бетизегІан!
Кьабизе рекІана гьал гІолохъаби,

[67] Бухтиб – гІандалазул (гьанже Гъуниб мухъ) росу.

Хвалчен кьабаралъуб чармаги жемун
Кьвагьизе рекIана кIалкъулал васал,
Гулла речIчIаралъуб чIортоги жемун.
Гьадинаб хIалалда хIайранаб куцалъ
ЦIа рекIараб рагъда рагъулеб мехалъ
АхIдезе рекIана чIваяв Надир-шагь:
– Я, гьал дур боязухъ, дир аскаразухъ
Балагье, балагье, квер гьечIев Сурхай!
Халгьабун валагье, магIарул Сурхай,
Дурал гIункIкIазухъги дир кутузухъги!
– ГIемерав чIухIуге, вочIарав Тагьмас,
Тирулеб сверулеб гьаб бакъул дунял.
ЧIухIун гаргадуге, хваяв Надир-шагь,
БихьичIесда лъаларин чIухIаб Дагъистан.
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метериса лъала дуда гьазул хIал!
Гьанже ГIандаллъиялъ ахIи тIамуна
Диналъул вацазде, магIарулазде:
3.// Гьидгиму къаралал, къелгиму тIелкьал,
Багвала, чIамалал, кIаралал, тIиндал,
Анкьракьал, хьиндалал, тIолго нахъбакIал
Аман-мададилан, тIаде щвайилан.
Гьелщинал бахIарзаз ярагъ балалде
Рагъда байбихьана кьешдул[68] бахIарзаз,
Нахъияб бодуца чу кьололелде
Кьолохъ махIтIи[69] къана къаралазул бод.
БахьингIи гъурулеб гъалбацI киниги,
Гъуризе рекIана дав НурмухIамад,

[68] Кьеш – къаралазул (гьанже ЧIарада мухъ) Кьорошиб росдал гIадамал.
[69] МахIтIи – гIияде яги чабхъаде унеб мехалъ цадахъ босулеб кваназе жо (диалект. рагIи).

Махх къотIулеб чаран Гьочоса[70] Малла,
КъотIаризе вана дав ХIажимуса,
Къаралазул боде къурбанин абун
Къибла сверун чIчIана ГIисал Ибрагьим[71].
Хъван кагъат битIана Хунзахъ ханасде,
Гьадин ругин абун, лъикI гьечIин абун,
Сверун къужрузги ккун къварид ругилан,
Байдаби багIарлъун бидул ругилан.
4.// Гьеб кагътил мухIканлъи жудехъе щведал,
КъачIазе рекIана Хунзахъ Дайтилал
БацIил лъулдул ругел туманкIал росун,
ХIанчIил бер толарел хъирмал хъатикь ккун,
Рорцун таманчаби рачлихъги рахъун,
Чугун чи къотIулел хвалчаби рухьун,
ТуманкIул щулиял пиктарал ретIун,
Мугъзахъ рачIчI кIутIулел ягъзияталгун,
Чармил къолдабигин, тIакъиябигин,
КIиябго рукьалда рукьамахалгун.
Махда рукъарулел, къан ккун чIоларел,
КIанцIун чан толарел чуялги рекIун,
Чергесазул кьалал чуяздаги лъун,
ГIандисел буртаби нахъаги рухьун,
Агъазде кIетIолел байтулмалалгин,
Зодихъ мацI бахъулел дугъалги рорхун
Цо къокъа бахъана гъазаваталде
Къукъадул цевехъан Хунзахъа нуцал
Къолдаби ретIараб бодул бетIергьан
Гьесда хадур ругел гьел гIолохъаби

[70] Гьочоб – къаралазул гьанже бищун кIудияб росу.
[71] ГIисал Ибрагьим ккола Рилъаб росулъа доб заманаялда кьессеразул (ЧIарада мухъ) бодул цевехъан.

ЦІадай кІанцІизегІан нахъе къаларо
Гьадинаб хІалалда рилъун унаго,
ГІанада майдан[72] тун цере унаго
Нуцалид ахІана, лъалхъеян абун:
– Лъалхъе, гІолохъаби, вагІза гьабизин!
ГІандаллъи къажарас кверде босани,
Басралъи нилъеда тІаса инаро,
Сугъралъегин ЧІохъе малгІун рорчІани,
Метер сезего гьев Хунзахъе щола.
Гьабе, гІолохъаби, бацІцІадаб тавбу,
Жакъа хваралазе хвелги шагьидаб,
ЧІаго хутІарасе цІарги кІудияб!
ЩІа тІамураб рагъулъ жал рагъулаго
КІанцІун тІаде щвана Хунзахъ Дайтилал,
Гьединаб хІалалда чІвадарилаго
Цо гъугъай бахъана гъазизабазул,
Дол хъахІилал зобал гъугъалел гІадин.
МагІарде тІупулеб накІкІги жо гуро –
Балай кІкІуйдул пача ХІебул рагІалда,
НакІкІухъе бадулеб цІадги гьереси –
Арал бидул гІорал чвахун лъарахъе.
5.// ТІаса кІкІуй иналде кІи-кІияв чІвала,
ЧІван нахъе восулилан щу-щуяв хола.
Истамбул хъирмазул кьвагьи рагІидал,
Кьер босун сорона вочІарав Тагьмас.
Хунзахъ Дайтилазул гІерат бихьидал,
Мугъ базе жубана къажаразул бо.

[72] Гьеб майдан буго ругъеждерилги чІахъадерилги ракьазул гІорхъода, амма ругъеждерил ракь ккола. Гьанже гьенисан хъилалъ тІураб нух буго Гъуниса ЦІурибе унеб. Гьеб ккола ЧІегІер-гІорги бахун, ХІутниб росда аскІосан гІурул рагІалдаса тІадехун бугеб, ахаз ккураб майдан.

ЖужахIлъун боркьараб кьал гьабулаго
КIалъазе жувана давго Надир-шагь:
- Дуе гIумру кьеяв, квер гьечIев Сурхай,
ТIаде щвараб къокъа щиб рахъалдасан?
ТалихI кьун вохаяв, квер гьечIев Сурхай,
ЧIегIерав чодулав щиб улкаялъул?
- ТIаде щвараб къокъа Хунзахъ Нуцалил,
ТуманкIул кIкIуйдуца дунял къвагъараб,
ЧIегIераб чодулав – дир МуртазагIали,
КIиявго жиндир квер хвалчад къотIаяв,
КIиябго жиндир бер нухъид бахъаяв
- Огь, дурго къотIаги квер гьечIев Сурхай
Абизе кин кIвараб чохьол къинлъуде?
Дуралго рахъаги, квер гьечIев Сурхай
Бицине кин кIвараб къадараб рагIи?!
Дир бугеб улка-ракь дур ани, Сурхай!
Хунзахъ Дайитилал дир ани, Сурхай!
Дир бугеб хазина дур ани, Сурхай!
Дур МуртазагIали дир ани, Сурхай!
Гьенисан лъутараб къажаразул бо
Хвалчаца бацIана гIолохъабаца,
ЦIоралъул Коралда[73] керен цуйзегIан
Хъамуна Надир-шагь магIарулаца,
Агъалдесеб чакма бидул цIезегIан
Чодасан рагъана дол Дайитилал,
Черхалдесеб ярагъ цIед биинегIан
ЧIвадарун свакачIо дол Угъузилал[74].
ХIанчIил би тIинкIичIеб ХицIиб магъилъ

[73] Кор (гIурус. Кура) – Туплис шагьаралда аскIосан чвахулеб кIудияб гIор.
[74] Хунзахъ рагIи билъараб тухум, XVII гIасруялда вукIарав ГIандуникI абурав бечедав чиясдасан бачIараб. Угъуз букIун буго гьесул тIокIцIар.

Гъажарул бица хъитIал рахъана,
Ракул хIама щвечIеб махIадерил мегъ
Гьанал мачIу чIвана лъикIал бахIарзаз,
ЦIадал чучай щвечIеб гIабхъадерил кIкIал
Бидул гIор биччана гъазизабаца.
Гьаб сапаралъ нужор харбий чи тела,
ТIадруссун рачIани, гIилъун хъвехъила.

نادير شاها صول حاقالپول كه‌ج :

(1)

عه‌نه‌كه عادامال خابار بيپينين بيپينه لا راصه كيپسي عاديناب .

چاخايال، عينطامه قيصا آحيزين آحيزه لا راصه تورگی عاديناب .

نوس آزارچی ووگه‌ب خوراسانالپول بوگی خادوب باچون قاجاراو تاهماس .

چاعيگی عه‌مرال هامادانازول چويال خارينا دول ته‌زه هارورال .

بازارگی عه‌مرال دال تابريزازول بازار اسيا داخ باچون هه‌لگی قاجارال .

خاترا بارذلگی خان خواياو نادير شاه قاجانا تاهماس خان دونيال گوه‌زه

عارسوصيا قاجارال بوتيالگی راچون، مه‌اسه دال قاجاراب قاجارگی باچون،

قانداهار الداصاره گارال راچون، شيراز - كيلاتالپول لالايی راچون

گالامال ريخوله‌ل گوصيارا بيگون صانگارال طوطوله‌ل عارادا بيگون؟

چادير الگی رقسون، توپخانا باچونه، چی ويكون آلايا خا تيصيا بيقون،

باغارانا قاجار دونيال قواغيزه، ماغريب - ماشريقالده حسنقی طاميزه .

داب تيفليس راعالده چال شوارابم خالی سوجدانيالدا اگجانا تيفليسالپول خانه .

~~قادم گوانيی عه‌جو توفليسالپول خان~~ طادخارج قوطونه تانا آزنا وورزابی .

گی آزار ا اشرافی بوتدوی بيقانانا

هه‌ب حاقاب كافورلی جينصيا قورقيدال بوسان شيناب اولكا اسيا داخگی باچونه،

هه‌ب شيناب اولكا - راوه گوه‌رده‌گی بوسون باغارانا قاجار ٣٠ خه‌ب غولوده ،

ياهال غولودا صه‌ل جينصيا تانيگی ايبراهيم خان حيوارال ته‌لارين آبون .

ايبراهيم خانه حيوارال ته‌صيا روحانا، تا طامون قواغانا قاموشيل روقزال .

بادوُل عوُلوُدا صهل روُكارده آنا، ترهرا لوخه يا اسال يا سير هارونا.

(2)

چی ویکوبه عالافا بوُدویگی بیشوبه، رهشطانا نادیرشاه زاکا - تالانیو.

غوُلوُدا هابوراب هه‌زیبه هابوبه، باغارانا قاجار داغیستانالده.

هه‌ب شیناب اولکا - راه کوم رده‌گی بوُسون، بوُسانه شیناب اولکا سا داعگی باچوبه،

واغارانا تماهماس داب غوُمه کیوم، قیبیوده سورخاییل حالبیکیابیلانه.

اولکا - راه گودیاو کوم رهه‌چه وسورخای سوُقوُ قالی‌له‌لده کوُدوُو ووُسانا.

سورخاییل مورتا زاعالی ایمعال نوُچالیچه خونزاخه آنا.

صوم روح شار راعارای سورخاییل عاشات هه‌و قاجاراصولگیبه، بوُسه‌به سوُلانا.

گوُدا که‌رهن سوبیچه‌ل بسینال یاسال دیبه تارال قاجاراز باسرا هارونا.

موناهاله عهچه‌ل عیصینال لیمال مایدا نالده راچوبه چوُل بوُی رچانا.

هه‌ب شیناب اولکا - راه کوم رده‌گی بوُسون، بوُسانه شیناب اولکا سا داعگی باچوبه

باغارانا قاجار عانداللی یالده، عانذالازول اولکا بوحیزه آعه.

موُحوُب جالدا هوُرقوب جادیرالگی چوابه، عابجاده ریل ماغیل چویالگی ردکوبه،

بوختیب گیمو صوغرال ترایالگی راکون، ترون بوگو عانداللی هال قاجارازول

خیتریبه‌ماغیله راغ طیبیطانا، صوغولده‌ریل قادی راغده لوهانا.

قوُل عاگا آحولا صوغولده ریصیا: جاقاچوُجاراصول جیلی بوحاگی،

چوجوبه واغاراصول لادول شارتاگی!

وای‌ها، عوُلوُخابی، هاعوُلوُخابی، آگیلااصول حوریب قارغا عاگیلا،

حه‌بول راعاللوده بتُول چوُرعاگیلا، جاقاچوُجاراوگی دیرچوقا گوروُ،

چوچوبه واغاراوگی دیرهالماغ گوروُ. قابه عوُلوُخابی، جاراصول خوالچه‌له،

خواڃا دول بالازدا بى . ھيزه عاله ، قواھه ، عولوخابى ، روزو شيال تيرھال

-3-

ڃيرمازول گالازدا گوى به تيزه عاله !

ڨابيزه ره گانا هال عولوخابى ، خوالجه له ڨا بارالوب ڃارماگى جه موه ،

ڨواهيزه ره گانا گال ڨولال واسال ، گوللا رهڃارالوب جور توگى بوعون .

هادينابچالالداحارناب كوهپاله ترا ره گاراب راغدا راغوله ب م خاله

آحدعزه ره گانا ڃوا ياو نادير شاه : ياهال دور توبازوخ ، دير آسگالازوخ ، والاهه ، ماعاردل سورخاى ، خال هابونه

- بالاهه ، بالاهه ، كوم رهه چه و سورخاى ، دوراال عونگازوڃگى دير كوتوز وڃگى !

- عمه راو ڃوحوگه ، ووڃوراو تاهماس ، تيروله ب ، صوم روله ب هاب باقول دونيال

ڃوحوله گارگادوگه ، خواياو نادير شاه ، بيپكچه صدا لالارله ڃوحاب داغيستاله ،

باريل عامال بوگه ل هال ماعار ولال ، مهته ريصا لالا دود هازول حال !

الحمد عان الله يال آحى طامونا ديناپول واصبازده ماعارولازده :

هيدگيمو قارالال ، قه ل گيموطه ڨال ، باگوالدل ، ڃامالال ، گارالال ، سيدن .

-4-

آنڨ راڨال ، كيندالال ، طولگوتانخ باگال ، آمان - مادا ديلان ، طاده شوا يبلان .

هه ل شيال باحارزاك يارغ باله لده راغدا بابيپكانا ڨيشد ول باحارزاز .

ناڃه ياب بودوڃيا ڃو ڨولوله لده ڨولوخ ماحطى قانا قارال زول بود .

باكين عى غوروله ب غالبار كينيگى غدره زه ره گانا داو نورموحاماد .

ماخ قوطوله ب ڃاران هوڃوصا ماللا قوطاريزه وانا داوحاجى موسا

قارالازول بوده قوربانيه آبون ، قيبلا صوم رون ڃانا عيسال ايبراهيم .

ڃوان گاغات بيطانا خونزاخ خاناصده هادين روگين آبون ، لپيگ هه ڃين آبون .

صوم رون قوجرورگى گون قواريد روگيلان ، بهايدابى باعارلون بيدول روگيلان .

هه‌ب كاغتيل موحكانلي جودوخه شوم يدال ، قاچاره ره‌گانا خونزاخ دايتي لال .

باتيل پولدول روگول تومانگال ره‌وسون ، جانچيل به‌ر تولاره‌ل ثيرمال څاتيوه كون ،

(5)

روره‌سون تامانچابي راچليخگي راشون ، چوگون چي قوطوله‌ل خوالچابي روكون ،

باغزيمانا لگوه
~~كاقييابيگوه~~ ، موغزاخ راخ گوطوله‌ل ، طاقيبابيگوه ~~كاطيفا مطوخ~~ ، چارميل قولدابيگين ،

كييابگو روڤالدار قوالما څما لگين ،
~~كالال ماخ بوقوله‌ل چويالگي ره‌گون~~ ، تومانگوى شوليبال فيكيتارال ره‌طون ،

كانزوق جان تولاره‌ل چويالگي ره‌گون ، ماخنرا روقاروله‌ل ، قان گون چولاره‌ل

آغالداگه طوله‌ل بايتولما لالگين ، چه‌ركه‌سازول ڤالال چويازداگي لون ،

عاندصول توراي [illegible]
ناخاكي روكوه
زوديخ ماش باخوله‌ل دوغالگي روطون ، سو قوقا باڅانا غازاوا تالده .

قوقادول چه‌وم خان خونزاحا نوسپال ، قولدابي ره‌طاراب بودول به‌طه‌ره‌ان ،

هه‌صدا حادور روله‌ل هه‌ل عولوخابي ، ترادای كانزيزه‌گي ناخه قالاره‌ل .

هادينابحالالدا ريلون اوناگو ، عانادا مايدان تون چه‌ره اوناگو ،

نوسپاليد آحانا لالخه يان آبوه ، لالخه ، عولوخابي ، واغزا هابيزين .

عانداللي قاجارص كودوقب بوساني ، باسرالي نه‌له دا طاصا اينارو ،

صوغراليه گين چوخه مالعون وورچاني ، مه‌ته‌ر سه زه‌گو هه‌و خونزاخه اشوه‌لا .

هابه ، عولوخابي ، باصاداب تاوبو ، جاقا خوارالازه خوم لگي مشاهيداب ،

جاگوه
~~له‌~~خوطا راصه ضارگي گوديياب
كانزوده طاده شوانا خونزاخ دايتي لال
ترا طامواب راغول بجال راغولاگو
هه‌ديناب حالالدا ~~سيرا راغولاگو~~ چوادا ريلاگو ، سو غوغاى باڅانا غازيزا بازول

نا دول څاحيلال زوبال غوغاله‌ل عاراب

ماعارده طوپوله‌ب ناگگي جوگورو ، بالاى گويدول باچا حه‌بول راعالدا .

نا گوخه بادوله‌ب ضادگي هه‌ره‌صي ، آرال بيدول عورال چواخون لا راخه .

طاصا لگوی اینهلی لیکی باوحوالا ، چوانه ناح وو سیلهته شوشوتا خوی

ایستانبوله غیرمازول قواهی راعیدال ، قەر بۆسون سۆرۆنا ووچوراو تاهماس ،

خونزاخ دا یتیلازول غەرەی بیکپیدال ، موغ بازه جوبانا قاجارازول بۆ .

(6) جوجاحلون بۆر ڤاراب ڤال هابولاگو ، گالپ زه جووانا داوگو نادیرشاه :

_ دویه عومرو ڤەیاو ، کوم رهەچیەو سورخای ، طاده شواراب قوتقا شیب راخالداصان ،

تالیح ڤون ووخایاو ، کوم رهەچیەو سورخای ، چەعەراب چو دولاو شیب اولکا یاپول ؟

_ طاده اشواراب قوتقا خونزاخ نوپالیل ، تومانگول گوید وصیا دونیال قواغاراب ،

چەعەراب چودولاو - دیر مورتزاعالی ، کیبیا بگو جیندیر کوم رخوالجاد قوطایاو ،

کیبیا بگو جیندیر بەر نوشید باخایاو .

_ اوهـ ، دورگو قوطاگی ، کوم رهەچیەو سورخای ، آ بیزه کین گواراب چوکوول قینپلود ؟

دورالگو راغاگی ، کوم رهەچیەو سورخای . بیپسینه کین گواراب قاداراب راعی ؟!

دیر بوگەب اولکا - راوح دورآنی ، سورخای ، خونزاخ دایستی لال دیرآنی ، اسورخای !

دیر بوگەب خازینا دورآنی ، اسورخای ، دورمورتازاعالی دیرآنی ، اسورخای !

هەنیصان پوتاراب قاجارازول بۆ حوالچاصیا بازانا عولوخاباصیا .

ڞوراپول کوالدا کەرەن سویزەعان ، ڟامونا نادیرشاه ماعارولاصیا .

آغا لدەصەب چاکما بیدول ترەزەعان چوداصان راغانا دوول داییتیلال ،

چەرخالدەصەب یاراغ ترەد بیسینەعان ، چواداروں صوا گواچو دوول اوغوزیلال ،

خانجیل بی طینکیچەب خیتریب ماعنده غاجارازول بیصیا خیطال راخانا

راکول خاما شوقیچەب ماحادەریل مەغ ، هانال ماچو جوانالل پیکال باحارزال ،

ڞا دال چوچای شومچیەب عاپخادەریل گال . بیدول عور بیچاراب [illegible] غازیزاما صیا

هاب سافارال نوجوز خاربیسی چی تەلا ، طاد روصون راچانی ، عی پون ڤوه ڤیلا .

Надиршагьасул кечI

ГIарцуца къачIарал
Чуялги рачун,
Меседид къачIараб
Гъажарги бачун,
Топханаби росун,
Чадирал рачун,
Чи вихьун алапа
Гьаркидаги лъун,
Багъаранин гъажар
Дунял квегъдеян.
Къаде квенде гIечIо
Тулписалъул хан,
ТIад харж къотIун тана
Тулписалъул хан
Къаде квенде буго
Хезехдул[76] улка.
Багъаранин гъажар
Я даб Гъолоде.
Я гьел гъолодисел
Гъаримаб къукъа,
МуцIидул рукъзаби
ЦIа тIамун къагъун,
ЦIаракухе[77] ясал
Ясирги гьарун,

[76] БитIун *Хъизихъ* – Гуржистаналъул цо вилаят, Кахеталъул бакъда рахъалда бугеб бутIа. Гьанже ДедоплисцIкъаро ва Сагънагъ районал. Цо-цо мехалъ магIарулаз Хъизихъилан тIолабго Гуржистаналдаги абула. Гьелдаса бачIана *хъазахъ* абураб рагIиги.

[77] ЦIараки – ЦIоралъул магIарулал жаниб чIараб некIсияб росу. Гьанже Азарбижан Республикаялъул КIахъ районалъул Сарыбаш росу.

Чи вихьун ашрапал
Бодеги бикьун,
Рохьазде щущана
Гьел гъолодесел.
Ибрагьим хан чIварал
Дуца таниги
Дица теларилан
Рашидхан чIана.
Багъаранин гъажар
Дагъистаналде.
Улка-ракь гIемерав
Квер гьечIев Сурхай
Цо къо къалъилалде
Кверде вачана.
Кибго цIар рагIарай
Сурхайил ГIаша,
Гьей ГIашатилгимо
Босен жубана.
Багъаранин гъажар
ГIандаллъиялде,
ГIандалазул росо
БухIизе абун,
МохIоб ЧIалда гьоркьоб
Чадиралги чIван,
ГIабхъадарил магъилъ
Чуялги риччан,
Бухтибгимо Шитлир
ЦIаялги ракун,
ЦIун буго ГIандаллъи
Гьал гъажаразул.

Къел[78] гIакIа ахIула
Сугъулдерица:
Жакъа чучарасул
Чилъи хвайгилан,
Чучун вагъарасул
Лъадул цIар ккайги.
Хван кагъат битIана
Даб Анкьракьалде[79],
Чодасан багъулеб
НахъбакIги бачун,
ХIалай щвайин абе
Я дав Тахтада.
ТIагIаги анкьракьал
ТIалаб гьабичIел.
Махх къотIулеб чаран
Гьочоса Амир
КъотIарде кьер бана
Капурлъиялде.
Къаралазул боде
Къурбанин абун
Къилба сверун чIана
ГIисал Ибрагьим.
Нахъияб бодуца
Чу кьололелде
Кьолокь магьди[80] къана
Къаралазул бод.
Гьединаб хIалалда

[78] Къойил.
[79] Цин ТIелекь ракьалде хъван бугоан, амма нахъа гьелда тIад хIучги цIан Анкьракь абун хъван буго.
[80] Нухда кваназе жо (диалект.)

ХIайранаб куцалъ
ЦIа рекIараб рагъда
Рагъулеб мехалъ,
АхIдезе рекIана
Хваяв Надир-шагь:
«Балагье, балагье,
Квер гьечIев Сурхай,
Дир гьал аскаразухъ,
Дурал боязухъ!»
«ГIемерав чIухIуге,
ВочIарав Таймаз,
Къайса тирулеб жо
Бакъул дуниял.
ЧIухIун гаргардуге
Хваяв Надир-шагь,
ИяхI реххуларин
Гьал магIарулаз.
БихьчIасда щиб лъалеб
ЧIухIаб Дагъистан.
Гьединаб хIалалда
ХIайранаб куцалъ
ЦIа рекIараб рагъда
Рагъулеб мехалъ,
Цо хабар рагIана
Хунзахъ Дайтида
Гъумекиб КъивутIе
Гъажар щванилан.
КъачIадулел руго
Хунзахъ Дайтилал
Истампулал хъирмал
Хъатикьеги ккун.

Росун тапанчаби
Рочахъги рахун,
Чугин чи къотIулел
Хвалчаби рухьун,
Бисмиллагь гьабуна;
Чоде рахана;
АррахIман цIалана;
Нухде рилълъана;
ХIурулгIинзабаца
ДугIа гьабуна;
Диналъул ваццазе
ТалихI кьегилан,
Гьединаб хIалалда
Жал рагъулаго,
Хехго тIаде щвана
Хунзахъ Дайтилал.
Цо кьвагьи бакана
Истампул хъирмил,
Цоги кьапи буго
Макъулаб хвалчал.
Гьеб истампул хирмил
Гьаракь рагIидал,
Кьер босун сорона
ВочIарав Таймаз,
Гьеб макъулаб хвалчал
КъотIи бихьидал,
АхIдезе лъугьана
Хваяв Надир-шагь.
Гьаб гьитIинаб къукъа
Кисайин абун,
Къукъадул цевехъан

Щивилан абун,
Гьаб гьитIинаб къукъа
Хунзахъ Дайтилал,
Жудер тупанкIул цIед
Дунял къагъарал.
Гьаб чIегIер чодулав
Дир МурсагIали,
Жиндир кIиябго квер
Хвалчад къотIаяв,
Жиндир кIиябго бер
Нухъид бахъаяв.
– Дуралго къотIаги,
КвергьечIев Сурхай,
Бицде кIвараб кини
Къадараб рагIи?
Дуралго рахъаги,
Квер гьечIев Сурхай,
Абде кIвараб кини,
Чохьол къинлъуда?
Хунзахъ Дайтилазул
Хатирин абун,
Сурхайилал кверал
Ричун риччана.
Гьев МуртазагIалил
ХIурматин абун,
ГIайшатил босен
БатIа бищана.
Рикьу хьвалеб хурив
Къогоявги чIван,
Къили хьвалеб хурив
Нус-нусго чIвана,

Рукул хIама щвечIеб
МахIадерил мегъ,
Гъажаразул иххид
Гьугьал гьабуна.
Гьаб рачIараб сапар
Харбий чи тела;
ТIадруссун рачIани,
ГIияхъе хъвехъла.
МохIоб кIалтIуниса[81]
КIатIараб хвалчал
ЦIоралъул кавуда[82]
ЦIар хван регIула[83].

[81] МохIоб кIалтIу – МохIоб росдада тIадехун бугеб ЧIалда мегIералъул цо габурлъи.
[82] Хъван букIана кагъуда.
[83] ГIалил ГIумарица кочIое баян кьун буго, гьел къажарал Дагъистаналде рачIиналъул бицунеб бугин. Гьезул аскар бачIараб сон цо-цо тIухьдузда 1148 гьижрияб букIанин хъван буго, божи гьелде дагьаб бугониги.

Надиршагьасул кеч.

Мусал Палил Пумдицца
хъвараладаса хъвана
15/I-40 с.

Гарцуца къачарал
Чуяли рачун,
Меседид къачIдараб
Гьансаби бачун
Топханаби росун,
Чадирал рачун,
Чи вихьун алапа
Гаркидаги лъун,
Багъаранин гьанжар
Дунъял квегъдеян.
Къаде кванде гьечIо
Тулписалъул хан,
Тlад харже къотун тана
Тулписалъул хан.
Къаде кванде буго
Хезехдул улка.
Багъаранин гьанжар

Цебе лъураб кочIое тIадежураял[84]

Балеб ахIи буго
Дагъистаналда
Гьидгимо къаралал,
Къелгимо тIелкьал,
Багу-чIамалалги
ТIиндалги рачун,
ТIолалго росаби
Хехго щвайилан.
Гъелщинал бахIарзаз
Ярагъ балелде
Рагъда байбихьана
Кьешдул бахIарзал.
Чи вихьун алапа
Бодеги бикьун
Бахьин гIал[85] (гIиял) гъерелаб
ГъалбацI киниги,
Гъерезе рекIана
Мурухъа[86] ГIантав.
Цо гьаракь бахъана
ХъахIил зодисан,
Доб къаралазул бо
Цебе лъугьаян.
АхIдезе рекIана
Дав МухIамаднур,
Чи лъикIав, чу лъикIав,

---

[84] Гьабги хъвана ЧIохъа Мусал ГIалил ГIумарица добго заманаялъ, кочIол цогидал вариантазде ваккун.
[85] ГIиял.
[86] Къаралазул гьитIинабго росу.

Цеве лъугьаян.
НукІлакьан[87] (накІукьан) парулеб
Пири киниги,
Пирилаго щвана
Мукракьгун кьенсер,
Кидаго кьалуда
ГІумру тІамурал
Вай дал кІкІуядерил
Хвалчадул чапи.
Угь даб МохІоб-ГІобохъ
Рагъги тІибитІун,
КІицІул рузмар балеб
КъивутІа мажгит,
Гъажараз чуял гъун,
Чорок гьарунин.
Гуржистан, Дагъистан
Дур ани, Сурхай.
Дур Хунзахъ Дайтилал
Дир ани, Сурхай.
Хунзахъ Дайтилазул
Рагъи бихьидал,
Мугъаде буссана
Гъажаразул бо.
Дир бугеб хазина
Дур ани, Сурхай.
Дур МуртазагІали
Дир ани, Сурхай.

[87] НакІкІукьан.

Таймазханил кечI[88]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицине
Я гьал ханзабазда хIал гьабуразул,
Ханзаби гIемерал доб Къибаралда,
Ханзабазулги хан хвайги Надиршагь.

Анкьго ханлъи щолеб ханасул богин,
Хурайсингин Тарбиз, Гьундус[89] шагьаргин,
ГIарцуца къачIараб къажарги бачун,
Топханаялги лъун, чадиралги цIан,

Чи вихьун алапал бодеги рикьун,
Вахана Таймазхан дунял квегъзиян.
Багъаргъана къажар доб Туплисалде,
Дов Туплисалъул хан къаде кванзелин.

Кваназего гIвечIо Туплисалъул хан,
Лъабнусго азнавур цадахъги гьавун
Хвана суждаялда Туплисалъул хан,

Азнавурзабазул бутIрулги къотIун,
ТIад харжги лъун тана Туплисалъул хан.
Гьединал гьунарал гьиниргги гьарун,
Багъаргъана къажар эхед[90] Гъолоде.

Я гьал Гъолодесел нахъе таниги,

[88] Гьаб цIаралда гъоркь лъицаялиго 1940 соналъул 21 марталда къалмиде босун буго, Ш. МикагIиловасул архивалда батана.
[89] Гьундус (гIурус. Кундуз) – Апгъанистаналъул хьунда бугеб шагьар.
[90] ТIад, тIаде.

Ибрагьим хан чIварал теларин абун,
Ибрагьим хан чIварав цIеца вухIана,
ЩIа тIамун къамишул рукъзал къвагъана.

ЩIаракухъе къажар тIадеги гIунтIун,
Гъарим Гъолодесел рохьазде щущан.
Гьединаб пасалъи гьенибги гьабун,
Багъаргъана къажар Дагъустаналде.

Улка-ракь гIемерав квер гьечIев Сурхай
Цо къо къалъилелде кверде восана.
Дунялалъухъ цIар арай Сурхайил ГIашат,
Ай ГIашатилгимун босен цолъана.

Балеб ахIи буго Дагъустаналде
Гъумекиб-Къибуда къажар щванилан,
КъачIадулел тана Мукракьгун Кьенсер,

Я гьал къаралазул чу кьололелде
Кьолохъ нахIтIи[91] къарал кьешдул бахIарзал,
Нахъисел къаралаз ярагъ балелде
Рагъда байбихьана гьел гIолохъабаз.

Цо гьаракь бахъана къилбаялдасан
Къаралазул бо цебе лъугьаян,
ГIиялъе гьерелеб гъалбацI киниги,
Гьерезе рекIана Мурухъа ГIантав.

Махх къотIулеб чаран Гьочоса Малла,
КъотIаризе квер бана дов ХIажимусад.

[91] РикIкIаде унеб мехалъ цадахъ росулел кванил сурсатал.

Къаралазул боде жив къурбанилан
Къилба сверун ккурав ГӀисал Ибрагьим[3].

АхӀтӀолевни вуго дов МухӀамаднур,
Хвалчен чарамав чи вахъаян абун.
ЦӀалдезе рекӀана Сохъа[92] Анлъкилищ[93]
Чи багьадурав чи нахъе чӀогеян.

Бухтибгиму Сугъралъ цӀаялги тӀамун,
ГӀабхъадерил магъилъ рагъги тӀибитӀун,
ЦӀа тӀамулеб рагъулъ жал рагъулаго
КъачӀадилел тана Хунзахъ Дайтилал.

Киласалъул кьалал чуяздаги лъун,
Мисриял парангал[94] бакьулъги рорчун,
МагьихъахӀал[95] хъирмал гъажалдаги ран,
Регьун тапанчабал ручлихъеги ран.

Дайтилазул бетӀер МуртазагӀали.
РачӀулел рихьула Хунзахъ Дайилал,
ЦӀадул кӀкӀуйдул габур зодихъеги ун.

– Балагье, балагье, квер гьечӀев Сурхай.
ТӀад бачӀунеб къукъа щиб бакӀалдасан,
Къукъадул цевехъан кинаб росулъан?

[92] Мурухъ – къаралазул кӀкӀалахъ бугеб гьитӀинаб росу.
[93] Анлъкилищ – чиясда цӀар.
[94] Паранг – гьаниб хунжрузул тайпа. Жал парангаз (гӀурус. – *францу*аз) гьарун рукӀиндал, гьединаб цӀар щварал ратила гьел.
[95] МагьихъахӀал, ай туманкӀул нахъисеб рахъ пилалъул хъахӀаб гӀосол (магӀарул. – *магьи*, гӀурус – *слоновая кость*) гьарурал. Гьаниб хунжрузул тайпа.

ТІад бачІунеб къукъа Хунзахъ Дайтилал,
Къукъадул цевехъан МуртазагІали,
Жиндир кІиябго бер нухъид бахъаяв.
Огь, дурго бахъайги квергьечІев Сурхай,

ГІайиб гурищан ккечІищ чохьол хутІоде[96].
Гуржистан, Дагъустан дур ани, Сурхай,
Дур МуртазагІали дир васлъун ани.
Дир бугеб хазина дур ани Сурхай,
Дур Хунзахъ Дайтилал дир ругелани,
Хунзахъ Дайтилазул хатиралъелан

Сурхайида бараб маххги бахъана,
Дов МуртазагІалил хІурматалъелан
Сурхайилай ГІашат жиндихъе кьуна.
Хунзахъ Дайтилазул къачІай бихьидал,

Чода кьили лъуна дов Таймазханас.
Дов МуртазагІалил чу-ярагъ бихьдал,
ЧІухІ-чІухІун свердана чІваяв Надиршагь.
– Балагье-балагье, квер гьечІев Сурхай,

Дурал гІункІкІаздагун дирал кутузда,
– ГІемерго чІухІуге, чІваяв Таймазхан,
КъойитІа сверулеб жо аб бакъул дунял,
БихьчІасда лъаларо бохІаб Дагъустан.

Кьвегьезе рекІана къажаразул бо
Зодихъе рехулел жазаиралгун,
Цо-цо буго кьвагьи хъирим мугІрузул,

[96] ХутІел?

ТӀаса кӀкӀуй баледде кӀи-кӀияв чӀвала.

Зодихъе гъугъалеб гъугъай гьереси,
Хъирмил бугеб гъугъай дол гухӀазулъа.
НукӀралъан пирхулеб пири гьереси,
Дов МуртазагӀалил хвалчадул пирхи.

МохӀоб кӀалтӀунисан хьвагӀараб хвалчен
Чуралъул[97] кӀалтӀуда цӀар хвазегӀанжо
Рикьи хьалеб хуриб къого къажарав,
Къали хьвалеб хуриб рикӀкӀун кӀвеларо.

ХьвацӀил хьит бихьичӀеб аб тумазул бо,
Чекем пашмакъ[98] ретӀун чӀухӀулел руго.
ЧӀалил ярагъ[99] бихьичӀел гӀандалгун сирхӀал[100].
ГӀарцул свериби ран сверулел руго.

ЗакагӀат бихьичӀел ал мискинзаби,
Дур хумсил базар лъун бечелъун руго.
Ганжа[101] Сарихалда[102] бессараб дарай
МохӀоб-ЧӀалдаги тун чӀвана Таймазхан.

Элгиму[103] къаралаз сангар тӀвечӀебни,

---

[97] Чур абизе бегьула Дербенталдаги, амма гьаниб Кур, ай Кор гӀор рехсон батизеги бегьула.
[98] Пашмакъал – хӀатӀида ретӀунел чӀухӀарал хьитал.
[99] *ЧӀалидул ярагъ* батизе бегьула *цӀулал ярагъ* (чӀали – гӀурус. бревно) хӀисабалда рехсон.
[100] СирхӀал – гьанже ДахӀадаевасул ва ГӀахъушдерил гӀорхъода ругел 30-ялдасан цӀикӀкӀун ругел росабалъ гӀумру гьабулел гӀадамал.
[101] Ганжа (гӀурус. – Гянджа) – Азарбижаналъул кӀиабилеб кӀудияб шагьар.
[102] Гьеб щиб бакӀали лъазе кӀвечӀо.
[103] ЦӀоралъул магӀарулал.

ТIибитIлаан къажар Дагъистаналда[104].
ГIумруго кьалалда тIамураб жодод
Кьабанила хвалчен дол кIкIуядерид[105].

ТIокIал рачIунаро чIахIал гIаскарал,
ТIадруссун сверичIо Дагъистаналде.

[104] Гьаниб нижеда бихьулеб буго ЦIоралъул магIарулаз ва къаралаз (чIарадисез) Надир-шагь къезавизе гьабураб хIаракаталъе кьолеб бугеб кIудияб къимат.
[105] КIкIуяда – Гъуниб мухъалъул цо кIкIалахъ бугеб жамагIаталъул 40-гIан гьитIинал росаби – кулабазул гIаммаб цIар.

[illegible]

1.

Таймаз ханил кечI.

Пежике гIадамал хабар бицине
Ягьал ханзабазда хIал гьабуразул
Ханзаби мемерал доб нчIидоранда
Ханзабазул ги хан хвай шнадаршаль
Аржь го ханчI лчил щю лъеб ханча сурбоша
Хурей синчил тIарбиз гьункдус шальсирчIин
Парцоса кьачIарад къажар ги бачун
Топ ханазги лъаун чадирал ги цIан
ЧIвакун ланал боде ги рикьун
Вахана Таймаз хан дунялквензаян
Багъар гьана къажардоб Тупмицанде
Дов Тупмицалчул хан къаде квензелин
Кванае го чIвечIо Тупмицалчул хан
Лъаб нус го азнавор цадахъ ги гьавун.
Хвана сужда ягьдат Тупмица лъчул хан
Азна ворзабезул буткруги кIотIун.
Тадхорж ги сиуктеан Тупмицалчулхон
Пеиди нал гьунарал гьикнир ги лъвруцн
бачар гьана къазкар чIхиб гIоподе

Надир-шагь вихххизавиялъул хIакъалъулъ кечI[106]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин,
Бицине лъарасе кици гIадинаб;
ЧIахъаял, гIинтIаме, къиса ахIизин,
АхIизе лъарасе турки гIадинаб.

Нусазар чи вугеб Хорасаналъул
Боги хадуб бачун къачIарав Тагьмас.
Къандагьаралдаса рекIарал рачун,
Шираз-Килаталъул лъалаби[107] рачун,

ЧагIиги гIемерал гьамаданазул
Чуял хазинадул цIезе гьарурал,
Базарги гIемерал дал табризазул

---

[106] Надиршагь вихххизавиялъул хIакъалъулъ кечI (Авар халкъалъул эпос) / БатIи-батIиял вариантаздасан текст тартибалде ккезабурав ва бакIарарав М. СагIидов. МахIачхъала, 1942. Гь. 16.
ЦеберагIиялда М.С. СагIидовас къокъаб тарихияб баянги кьун, хъвалеб буго: *«БахIарчилъиялда жидеца ватIан цIуниялъул хIакалъулъ, тIаде рачIарал тушбаби гьалаг гьариялъул хIакъалъулъ, авар халкъалъ гIемерал гьайбатал кучIдул ва хабарал нахъе цIунун руго. Хадусеб наслуги тушманасде данде гьедин бахIарчилъиялда ва беркъачIого рагъизе кколеблъи умумузулъанго батараб хвалчен кьабизе бугеб махщел гIодоб тезе бегьулареблъи нилъеда гьел умумузул кучIдуз бицунеб буго.*
ГIемерал батIи-батIиял вариантаздасан босун, цойиде данде бакIарун, чIаран, тартибалде ккезабун, гьайбатаб авар халкъакъул гьаб эпос дица дир гIолилазе, социалистияб дир ватIаналъул гражданазе сайигъатлъун кьолеб буго. БахIарчиял умумузул мустахIикъал васаллъун чIун авар халкъалъул гIолилазги, ССРалъул цогидал халкъалгин цадахъ цойида, нилъер гIазизаб социалистияб ватIан цIунулеб буго; берхъагIарав тушман пасат гьавулев вуго, гIисиналги чIахIиялги нацияэул бищун квешаб тушман — гитлеризмалде данде, фашизмалде данде рагъ гьабулеб буго. Эркенал умумузул рагъулаб рухI рекIелъ гьалдолеб бугеблъи нилъеца тушманасда дагьабги кутакалда ишалдалъун бихьизабизин».
[107] Лъалаби – лъелго рагъулел аскариял (гIурус. *пехота*).

Базар цадахъ бачун, гьелги къачIарал.

Ханзабазулги хан, хваяв Надиршагь,
КъачIана Тагьмас хан дуниял кквезе.
ГIарцуца къачIарал боялги рачун,
Меседалъ къачIараб къажарги бачун,

Галамал риххулел гумпарабигун,
Сангарал тIутIулел гIарадабигун,
Чадиралги росун, тупхана бачун,
Чи вихьун алапа[108] хъатица бикьун,
Багъарана къажар дунял къвагъизе,
Магъриб-машрикъалде хIинкъи тIамизе.

Даб Тифлис рагIалде жал швараб мехалъ
Суждаялда[109] ккана Тифлисалъул хан.
КIиазар ашрапи[110] бодуй бикьана,
ТIад харж къотIун тана азнавурзаби[111].

Гьеб хIакъаб капурлъи жинца къуркьидал,
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана къажар бехеб Гъолоде,
Я гьал гъолодесел жинца таниги,
Ибрагьим хан чIварал теларин абун.

Ибрагьим хан чIварал цIеца рухIана,

[108] Алапа – харж.
[109] Сужда – бетIер гIодоб чIвай, мутIигIлъи.
[110] Ашрапи – некIо Ираналда хIалтIулеб букIараб месед-гIарац.
[111] Азнавурзаби – гуржиязул гIисин нуцаби.

ЦIа тIамун къвагъана къамушил рукъзал.
Я дал гъолодасел рохьазде ана;
ЦIаракухе[112] ясал ясир гьаруна.

Чи вихьун алапа бодуйги бикьун,
РештIана Надиршагь Закаталанив.
Гъолода гьабураб гьезие гьабун,
Багъарана къажар Дагъистаналде.

Гьебшинаб улка-ракь квердеги босун,
Босаншинаб улка цадахъги бачун,
Вагъарана Тагьмас даб Гъумекиве,
Къивуде Сурхайил хIалбихьилилан.
Улка-ракь кIудияв квергьечIев Сурхай
Цо къо къалъилелде кодов восана.

Квер гьечIев Сурхайил МуртазагIали
ИмгIал Нуцалихъе Хунзахъе ана.
Сверухъ цIар рагIарай Сурхайил ГIашат
Гьев къажарасулгун босен цолъана[113].

Горда керен цуйчIел берцинал ясал
Дин тарал къажараз басра гьаруна.
Мунагьалъе гIечIел гIисинал лъимал
Майданалде рачун чол бой риччана.

[112] М. С. СагIидовас хъвалеб буго: «Гьанже ЦIабулан абулеб магIарулазул ЦIороб бугеб росо» бугин гьебан.
[113] Нижеца пайда босана Тарихалъул, этнограпиялъул ва археологиялъул институталъул квералъ хъварал асаразул фондалда бугеб экземпляралдаса (П. 8. Хъ. 1. Иш. 220; цогидаб – П. 29. Хъ. 1. Иш. 23). Гьениб бугеб тIехьалда тIад гьаб бакIалда къалмица хъван буго:
КIицIул рузман балеб Къибуда мажгит
Къажараз чуял гъун бокьиб сверана, – абун.

Гьеб шинаб улка-ракь квердеги босун,
Босан шинаб улка цадахги бачун,
Багъарана къажар ГIандаллъиялде,
ГIандалазул улка бухIизе абун.

МохIоб — ЧIалда гьоркьоб чадиралги чIван,
ГIабхъадерил магъилъ чуялги рухьун,
Бухтибгиму-Сугъралъ цIаялги ракун,
ЦIун буго ГIандаллъи гьал къажаразул.
ХицIибе магъилъе рагъ тIибитIана,
Сугъулдерил къади[114] рагъде лъугьана.

Къол гIакIа ахIула сугъулдерица:
- Жакъа чучарасул чилъи бухIаги,
Чучун вагъарасул лъадул цIар ккаги!
Вай, гьа гIолохъаби, гьа гIолохъаби,
Агиласул хIуриб къаргъа гIагилу,
ХIебул рагIаллъуда болчIор гIагилу.

Жакъа чучаравги дир чукъа гуро,
Чучун вагъаравги дир гьалмагъ гуро.
Кьабе, гIолохаби, чарамул хвалчен,
Хвалчадул балада би бетизегIан!
Кьвагье, гIолохъаби, дурусал хъирмал,
Хъирмазул кIалазда кIкIуй бетизегIан!

Кьабизе рекIана гьал гIолохъаби,

114 М. С. СагIидовасул баян: «Сугъулдерил къади – ЛъикIалан эркенал жамагIатазул бутIрул рукIун руго рищун тарал. Сугъралъ халкъалъ вищун тарав жамагIаталъул бетIер вукIунев вукIун вуго къади».

Хвалчен кьабаралъуб чармаги жемун,
Кьвагьизе рекIана кIалкъолал васал,
Гулла речIчIаралъуб чIортоги бугIун.

Гьадинаб хIалалда хIайранаб куцалъ
ЦIа рекIараб рагъда рагъулеб мехалъ,
АхIдезе рекIана чIваяв Надиршагь:
— Балагье, балагье, квер гьечIев Сурхай,
— Я гьал дур боязухъ, дир аскаразухъ;
Хал гьабун валагье, магIарул Сурхай,
Дурал гIункIазухъги дир кутузухъги.

— ГIемерав чIухIуге, вочIорав Тагьмас,
Тирулеб-сверулеб гьаб бакъул дунял.
ЧIухIун гаргадуге, хваяв Надиршагь,
БихьчIесда лъаларин чIухIаб Дагъистан.
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метериса лъала дуда гьазул хIал.

Гьанже ГIандаллъиялъ ахIи тIамуна
Диналъул вацазде магIарулазде:
Гьидгиму къаралал, къелгиму тIелкьал,
Багвалал, чIамалал, кIкIаралал, тIиндал,
Анкьракьал, хьиндалал, тIолго нахъбакIал,
Аман-мададилан, тIаде щвайилан.
Гьелщинал бахIарзаз ярагъ балелде
Рагъда байбихьана кьешдул[115] бахIарзаз.
Нахъеяб бодуца чу кьололелде
Кьолол махIтIи къана къаралазул бод.

[115] Кьешдул – кьорощдерил.

Бахьинг1и гъурулеб гъалбац1 киниги
Гъерезе рек1ана дав Нурмух1амад[116].
Махх къот1улеб чаран Гьочоса Малла,
Къот1аризе вана дав Х1ажимуса,
Къаралазул бодуй къурбанин абун,
Къибла сверун ч1ана Г1исал Ибрагьим.
Хъван кагъат бит1ана Хунзахъ ханасде
Гьадин ругин абун, лъик1 гьеч1ин абун,
Сверун къужрузги ккун къварид ругилан,
Байдаби баг1арлъун бидул ругилан.

Гьеб кагътил мух1канлъи жедехъе шведал
Къач1азе рек1ана Хунзахъ Дайтилал[117],
Бац1ил лъулдул ругел туманк1ал росун,
Х1анч1ч1ил бер толарел хъирмал хъатикь ккун,

Рорцун таманчаби рачлихъги рахъун,
Чугун чи къот1улел хвалчаби рухьун,
Чармил къолдабигун, такъиябигун,
Туманк1уй щулиял фиктарал[118] рет1ун,

Мугъзахъ рач1 к1ут1улел ягъзияталгун[119],
К1иябго рукьалда рукьамаххалгун,
Махҳда рукъарулел, къан ккун ч1оларел,
К1анц1ун чан толарел чуялги рек1ун,
Чергесазул кьалал чуяздаги лъун,

[116] Квералъ хъварал асаразул фондалда бугеб экземпляралда Нурмух1амадил ц1аралда т1ад х1учги ц1ан гьесул бак1алда хъван буго *Мурухъа Г1антав* абун.
[117] Дайтилал – Хунзахъ цо тухумалъул ц1ар.
[118] Фиктарал – рагъда цере кколел хъалхъанал.
[119] Ягъзият – гулла-хер жаниб лъун т1ад балеб бук1араб алат.

ГІандисел буртаби нахъаги рухьун,
Агъалда кІетолел байтулмалалгун[120],
Зодихъ мацІ бахъулел дугъалги рорхун,
Цо къокъа бахъана гъазаваталде.

Къокъадул цевехан Хунзахъа Нуцал,
Къолдаби ретІараб бодул цевехъан.
Гьесда хадур ругел гьел гІолохъаби,
ЦІадай кІанцІизеги нахъе къаларел.

Гьадинаб хІалалда рилъун унаго,
ГІанада майдан тун цере унаго,
Нуцалид ахІана лъалхъеян абун.
— Лъалхъе, гІолохъаби, вагІза гьабизин,
ГІандаллъи къажарас кодоб босани,
Басралъи нилъеда тІаса инаро,
Сугъралъегин ЧІохъе малгІун ворчІани,

Метер-сезего гьев Хунзахъе щвела.
Гьабе, гІолохъаби, бацІцІадаб тавбу,
Жакъа хваралазе хвелги шагьидаб,
ЧІаго хутІаразе цІарги кІудияб.
ЦІа тІамураб рагъулъ жал рагъулаго
КІанцІун тІаде щвана Хунзахъ Дайтилал.
Гьединаб хІалалда чІвадарулаго
Цо гъугъай бахъана гъазизабазул,
Дал хъахІилал зобал гъугъалел гІадаб.
МагІарде тІупулаб накІкІги жо гуро,
Балай кІкІуйдул парча ХІебул рагІалда.
НакІкІухъе бадулеб цІадги гьереси,

[120] Байтумалал – гьаниб чухъаби абураб магІна буго.

Арал бидул гІорал чвахун лъарахъе.
ТІаса кІкІуй инелде кІи-кІияв чІвала,
ЧІван нахъ восилелде щу-щуяв хола.
Истанбул хъирмазул кьвагьи рагІидал,
Кьер босун сорона ворчІарав Тагьмас.
Хунзахъ Дайтилазул гъерей бихьидал,
Мугъ базе жубана къажаразул бо.
ЖужахІлъун боркьараб кьал гьабулаго,
КІалъазе жувана давго Надиршагь:
— Дуе гІумру кьеяв, квер гьечІев Сурхай,
ТІаде щвараб къокъа щиб рахъалдасан?
ТалихІ кьун воххаяв, квер гьечІев Сурхай,
ЧІегІераб чодулав шиб улкаялъул?
— ТІаде щвараб къокъа Хунзахъ Нуцалил,
ТуманкІул кІкІуйдуца дунял къвагъараб.
ЧІегІерав чодулав дир МуртазагІали,
КІиябго жиндир квер хвалчад къотІаяв,
КІиябго жиндир бер нухъид бахъаяв!
Огь, дурго къотІаги, квер гьечІев Сурхай,
Абизе кин кІвараб чохьол къинлъуде?
Дуралго рахъаги, кверг ьечІев Сурхай,
Бицине кин кІвараб къадараб рагІи?
Дир бугеб улка-ракь дурани, Сурхай,
Хунзахъ Дайтилал дирани, Сурхай!
Дир бугеб хазина дурани, Сурхай,
Дур МуртазагІали дирани, Сурхай!
Гьенисан лъутараб къажаразул бо
Хвалчаца бацІана гІолохъабаца.
ЦІоралъул[122] Коралда[123] керен цуйзегІан

[122] Авар халкъалъ Алазаналъул расалъиялда ЦІор абула.
[123] Кор – Кура гІор.

Хъамуна Надиршагь магIарулаца.
Агъалдесеб чакма бидул цIезегIан
Чодасан рагъана дал Дайитилал;
Черхалдесеб ярагъ цIед биинегIан,
ЧIвадарун свакачIо дал Угъузилал[124].
ХIанчIчIил би тIинкIичIеб ХицIиб магъилъе
Къажаразул бица хъитIал рахъана.
Ракул хIама швечIеб МахIадерил мегъ,
Гьанал мачIу чIвана лъикIал бахIарзаз.
ЦIцIадал чучай щвечIеб ГIабхъадерил кIкIал,
Бидул гIор биччараб гъазизабаца.
Гьаб сапаралъ нужер харбий чи тела,
ТIадруссун рачIани, гIилъун хъвехъила.

[124] Угъузилал – Хунзахъ цо тухумалъул цIар.

НАДИРШАГЬ ВИХХИЗАВИЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛ КЕЧІ

ГІенекке гІадамал, хабар бицинин,
Бицине лъарасе кици гІадинаб;
ЧІахъаял, гІинтІаме, къисса ахІизин,
АхІизе лъарасе турки гІадинаб.
Нус азар чи вугеб Хорасаналъул
Боги хадуб бачун къачІарав Тагьмас.
Къандагьаралдаса рекІарал рачун,
Шираз-Килаталъул лъалаби рачун,
ЧІагІиги гІемерал гьамаданазул
Чуял хазинадул цІезе гьарурал.
Базарги гІемерал дал табризазул
Базар цадах бачун, гьелги къачІарал.
Ханзабазулги хан, хваяв Надиршагь,

Хорасан—Ираналъул кІудияб цо вилаят.
Тагьмас—Надиршагьасде магІарулаз Тагьмаспалдасан хисун лъураб цІар.
Къандагьар—Афъанистаналъул кІудияб цо шагьар ва вилаят.
Шираз—Ираналъул югалда цо шагьар ва вилаят.
Килат—Англиялъул Белуджистаналъул тахшагьар.
Табриз—Ираналда цо шагьар.

Надир-шагь щущахъ виххизави[125]

ГІенекке, гІадамал, хабар бицинде,
Бицун рагІаразе кици гІадинаб,
АхІизе лъарасе турки гІадинаб.
Нусазар чи вуго Хварайсиналда.
Гьелги цадахъ гьарун къокъанин Таймас.
Базарго гІемераб доб Табризалда,
Базар цадахъ гьабун, гьелги рачана.
ЧагІиго гІемерал дол хІамавурал
Чуял къачІазелан цере лъугьана.
Къапила пуланаб Бадияралде
ГІараби боязул богъи тІамана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар доб Туплисалде,
Туплисалъул ханги теларин абун.
Туплис рагІалалде жал щвараб мехалъ,
Суждаялде ккана Туплисалъул хан.
Азнавурзабазул бутІрулги къотІун,
ТІад харжги хъван тана даб Туплисалда.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар даб Гъолодебе.
Я дал гъолодесел женца таниги,
Ибрагьим-хан чІварал теларен абун.
Ибрагьим-хан чІварал цІеца рухІана,
ЩІаракухъе ясал рехерхун ана,
ЩІа тІамун къвагъана къамишул рукъзал.

---

[125] Гьаб вариант басмаялда бахъана С. ХІайбулаевас ва М.-К. Гьиматовас: МагІарулазул хъалкъиял кучІдул. МахІачхъала, 2001. Гь. 215–219.

Мисри-Шамалдасан хвалченги босун,
Хадусиналдасан магъало босун,
Къилбагимо КагIба къваридги гьабун,
Халбат шагьаралъул боялги рачун,
ГIияде къачIараб гъанда бацI гIадин,
КъачIана Таймас-хан Дагъистаналде.
ГIадан-чи щолареб уцумизул ракь,
Гьенив мун щваравго, гьелги хIинкъана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар даб Гъомекибе,
Къивуда Сурхайил хIал бихьизелан.
Улка-ракь гIемерав Квер гьечIев Сурхай
Цо къо къалъиналде кверде восана.
Сверухъ цIар рагIарай Сурхайил ГIайшат
Гьев гъажарасулгун босен цолъана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун,
Багъарана гъажар ГIандаллъиялде.
ГIандалазул къади къура вузелан.
Дунял квенде гIураб гIаздагьодал тIинчI,
ГIун бугин дур бицен, гIодов балагье!..
МохIоб-ЧIалда гьоркьоб чадиралги чIван,
ГIабхъадерил магъилъ чуялги рухьун,
Бухтибгимо Щитлиб цIаялги ракун,
ХицIибе магъилъе рагъги тIибитIун,
Балеб ахIи буго Дагъистаналде.
Гьеб-дабалъул бицун ниж рагъулаго,
КIалъазе рекIарав хваяв Таймас-хан:
— Балагье, балагье, Квер гьечIев Сурхай,
Дирал кутузухъги дур гIункIкIазухъги!

— Бицуге, гъажарав, гьединаб хабар,
Тирула-сверула гьаб бакъул дунял!
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метериса лъала дуда гьазул хIал!
Гьединаб хIалалда ниж рагъулаго,
Къойл гIакIа ахIула сугъулдерица:
«Жакъа чучарасул чилъи бухIайги,
Чучун вагъарасул лъадул цIар ккайги!
Вай гьа гIолохъаби, гьу гIолохъаби,
Агиласул хIуриб къаргъагIагило,
ХIебул рагIалалда булчIоргIагило!
Жакъа чучаравги дир чукъа гуро,
Чучун вагъаравги дир гьалмагъ гьечIо.
Кьабе, гIолохъаби, чарамул хулчби,
Хвалчадул балада би бетизегIан!
Кьвагье, гIолохъаби, дурусал хъирмал,
Хъирмазул кIалазда кIкIуй бетизегIан!»
КьабгIезе рекIана гьел гIолохъаби,
Хвалчен кьабуралъуб чалмаги жемун.
Кьвагьдезе рекIана гIисин нуцаби,
Гулла речIчIаралъуб чIортоги бугIун.
Гьединаб хIалалда ниж рагъулаго,
Хъван кагъат битIараб хундерил боде:
Гьадин ругин абун, лъикI гьечIин абун,
Сверун гъужрузги ккун, къварид ругилан.
Гьеб кагътил мухIканлъи жидехъе щведал,
КъачIалел рагIула Хунзахъ Дайтилал.
БацIил лъулдул ругел тумакIал росун,
ХIанчIил бер толарел хъирмал хъатикь ккун,
Маххул къулдабигин, къатIипа ретIун,
КIалалъ махх букъулел чуялги рачун,

Гьединаб хIалалда жал унеб мехалъ,
ГIодор рещтIанила малайикзаби,
Сверухъ лъугьанила хIурулгIензаби,
Гьаб нухалда талихI нужей кьегиян.
Цо гъугъай бахъана жазаиразул,
Цойги гъугъай буго истампулазул...
КIалъазе рекIана давго Таймас-хан:
— Дуе гIумру кьеяв, квер гьечIев Сурхай,
ТIаде щвараб къукъа щиб рахъалдасан?
ГIумру кьун вохаяв, квер гьечIев Сурхай,
Гъав чIегIер чодулав лъил васдай вугев?
— ТIаде щвараб къукъа — Хунзахъ Дайтилал,
ТуманкIул кIкIуйдуца дунял къвагъарал!
Бицулел рагIичIищ — лъикIал бахIарзал?
Гъав чIегIер чодулав дир МуртазгIали,
Жиндир кIиябго квер къотIун бортаяв!
— Дурабго бортаги, Квер гьечIев Сурхай,
ГIайибилан ккечIищ — лъикIав багьадур?
Чода тIаде вахун хвалчен хьвагIула,
Магьдикьеги кIанцIун туманкI кьвагьула!
Дир бугебжо улка дур ани, Сурхай,
Дур Хунзахъ Дайтилал дир ани, Сурхай!
Дир гIарацгин месед дур ани, Сурхай,
Дур МуртазагIали дир ани, Сурхай!
Гьев МуртазагIалил хIурматин абун,
Квеназда бараб махх эмсул ричIана.
Гьев МуртазагIалил хIурматин абун,
Я гьей ГIайшатилгин босен бищана.
Гьениса лъутараб гъажаразул бо,
Нахъ хвалчен бацIараб гIолохъабаца.
ЦIоралъул Коралда курмул цузегIан,

Гьединаб хIалалда щвезе гьаруна.
— Гьеб гIелищ, гIеларищ, хIама гъажарав,
ТIадвуссун вачIани, гIияхъе хъвехъла!
Дорма къватIиб босун боде балагьдар,
БацIцIун гъурун буго гъажарил улка.
— РачIа, магIарулал, рекъел гьабизе:
Васал ракьлищ нужей? Кьела нуцаби,
Исхъалдул чухъилъан гъуждул раккарал.
Ясал ракьлищ нужей? Кьела мусудул,
Меседил гарбиде гъалал гьурщарал.
ГIарац бакьлищ нужей? Къолоца бала,
Надиршагьил сурат кумар рахъ бугаб.
Месед бакьлищ нужей? СахIица бала,
ГъалбацIидул мугьру мекъаб рахъ бугаб.
— Васал ракьла нижей, гIемерал ракьла,
Нижерго гьунаралъ рахъарал ракьла.
Ясал ракьла нижей, гIемерал ракьла,
Нижерго хвалчаца росарал ракьла.
Месед бакьла нижей, гIемераб бакьла,
Нижерго хъирмаца бахъараб бакьла.
Васал ругелазе исхъали буго,
Ясал ругелазе тархана буго,
Камараб жо гьечIо гъажар тукада.

Гъажар гъуриялъул кечI[126]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинде
Бицун рагIаразе кици гIадинаб,
АхIизе лъарасе туркби[127] гIадинаб.
Нусазар чи вуго Хварайсиналда[128]
Гьелги цадахъ гьарун къокъанин ТIаймаз[129].
Базарго гIемераб до Табризалда[130]
Базар цадахъ гьабун гьелги рачана.
Чамигу гIемерал дол хIамавурал[131]
Чуял къачIазелан цере лъугьана.
Къапила пуланаб Бирияралде[132]
ГIараби боязул богъи тIамана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун
Багъарана гъажар даб Туплисалде,
Туплисалъул ханги теларин абун.
Туплис рагIалалде жал щвараб мехалъ
Суждаялде ккана Туплисалъул хан.
Азнавурзабазул[133] бутIрулги къотIун

[126] Гьаб вариант бахъана ГI. Ахлакъовас бакIарараб «Героические песни и баллады аварцев» абураб мажмугIалда (гь. 22-27). Гьебги МахIачхъалаялда 1971 соналда къватIибе бачIана.
Ахлакъовас хъвавухъе, гьеб кечI гьес жиндицаго къалмиде босана 1962 соналда Сугъралъ росулъ 83 сон барав кочIохъан Ражабов ГIисахъа.
[127] Туркби (диал.) – турки.
[128] Хварайсин – Хорасан, Персиялъул империялъул цо бутIа.
[129] Таймас, Таймаз, Тахмасп – Персиялъул къирал Надирида абулеб букIараб цойги цIар.
[130] Табриз – Персиялъул шагьар.
[131] Гьаб рагIул магIна лъазе кIвечIо.
[132] Гьаб рагIул магIна лъазе кIвечIо.
[133] Азнавур – гуржиязул дворянин.

ТIад харжги хван тана даб Туплисалда.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун
Багъарана гъажар доб Гъолодебе[134]
Я дал гъолодесел жинца таниги
Ибрагьим-хан[135] чIварал теларин абун.
Ибрагьим-хан чIварал цIеца рухIана,
ЦIаракухъе ясал рехерхун ана,
ЦIа тIамун къвагъана къамищул рукъзал.
Мисри-Шамалдасан хвалченги босун,
Хадусиналдасан[136] магъало босун,
Къилбагимо КагIба къваридги гьабуи,
Халбат шагьаралъул боялги рачун,
ГIивуде къачIараб гъанза бацI[137] гIадин
КъачIана Таймасхан Дагъистаналде.
ГIадан-чи щолареб уцумизул[138] ракь
Гьенив мун щваравго гьелги хIинкъана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун
Багъарана гъажар доб Гъумекибе
Къивуда Сурхайил хIал бихьизелан.
Улка-ракь гIемерав квер гьечIев Сурхай
Цо къо къалъиналде кверде восана.
Сверухъ цIар рагIарай Сурхайил ГIайшат
Гьев гъажарасулгин босен цолъана.
Гьебщинаб улка-ракь квердеги босун,
Босанщинаб улка цадахъги бачун

134 Гъолода – Гуржиязул гIорхъуда букIараб магIарулазул росо.
135 Ибрагьим-хан – 1738 соналъ магIарулаз чIварав Надир-шагьасул вац.
136 Хадусин – цо пуланаб бакIалда цIар.
137 Гъанза бацI – гьаниб бакъараб бацIалъул магIнаялда.
138 Уцуми – Хайдакъалъул хан.

Багъарана гъажар ГIандаллъиялде
ГIандалазул къади къура вузелан.
Дунял квенде[139] гIураб гIаздагьодал тIинчI
ГIун бугин дур бицен, гIодов балагье!
МохIоб ЧIалда гьоркьоб чадиралги чIван,
ГIабхъадерил магъилъ чуялги рухьун,
Бухтибгимо Щитлиб[140] цIаялги ракун,
ХицIибе магъилъе рагъги тIибитIун
Балеб ахIи буго Дагъистаналде.
Гьеб-добалъул бицун ниж рагъулаго
КIалъазе рекIарав хваяв Таймасхан:
«Балагье, балагье, квер гьечIев Сурхай,
Дирал боязухъги, дур боязухъги.
Цингиги балагье, квер гьечIев Сурхай,
Дирал кутузухъги, дур гIункIазухъги».
— Бицуге, гъажарав, гьединаб хабар,
Тирула-сверула гьаб бакъул дунял.
БацIил гIамал бугел гьал магIарулал,
Метериса лъала дуда гьазул хIал.
Гьединаб хIалалда ниж рагъулаго
Къойил гIакIа ахIула сугъулдерица:
«Жакъа чучарасул чилъи бухIайги,
Чучун вагъарасул лъадул цIар ккайги.
Вай гьа гIолохъаби, гьу гIолохъаби,
Агиласул хуриб къаргъа гIагило,
ХIебул рагIалалда булчIор гIагило!
Жакъа чучаравги дир чукъа гуро,

[139] Квине
[140] МохIоб, ЧIалда, ГIобохъ, Бухтиб – ГIандалазул росаби. ЧIалда росо гьанже хутIун гьечIо. Гьадинаб баян кьун буго ГI. Ахлакъовас, амма ЧIалда буго мегIералъул цIар, жакъа гIурус мацIалда гьелда Турчидагилан абула.

Чучун вагъаравги дир гьалмагъ гьечIо.
Кьабе, гIолохъаби, чарамул хулчби,
Хвалчадул балада би бетизегIан!
Кьвагье, гIолохъаби, дурусал хъирмал,
Хъирмазул кIалазда кIуй бетизегIан!»
КьабгIизе рекIана гьел гIолохъаби,
Хвалчен кьабаралъуб чалмаги жемун.
Кьвагьдезе рекIана гIисин нуцаби,
Гулла речIчIаралъуб чIортоги бугIун.
Гьединаб хIалалда ниж рагъулаго
Хъван кагъат битIараб хундерил боде,
Гьадин ругин абун, лъикI гьечIин абун,
Сверун гъужрузги ккун къварид ругилан.
Гьеб кагътил мухIканлъи жидехъе щведал
КъачIалел рагIула Хунзахъ Дайтилал[141]
БацIил лъулдул ругел туманкIал росун,
ХIанчIил бер толарел хъирмал хъатикь ккун,
Маххул къулдабигин, къатIипа ретIун,
КIалалъ махх букъулел чуялги рачун.
Гьединаб хIалалда жал унеб мехалъ
ГIодор рещтIанила малаикзаби,
Сверухъ лъугьанила хIурулгIинзаби,
Гьаб нухалда талихI нужой кьейгиян.
Цо гъугъай бахъана жазаилазул[142],
Цоги гъугъай буго истампулазул[143].
КIалъазе рекIана довго Таймасхан:

141 Дайтилал – цебе заманаялда рагъуе цIакъабилан цIар букIараб хундерил тухум.
142 Жазаил – ханжар. Гьадин хъван буго ГI. Ахлакъовас, амма жазаир буго тункIил тайпаялъул цIар. Гьеб бихьулеб буго кечIалдасанги, щай гурелъул тункIил гурони хвалчен-ханжаралъул «гъугъай» бахъунарелъул.
143 Истампул – туманкI.

— Дуе гIумру кьеяв, квер гьечIев Сурхай,
ТIаде щвараб къукъа щиб рахъалдасан?
ГIумру кьун воххаяв, квер гьечIев Сурхай,
Гъов чIегIер чодулав лъил васдай вугев?
— ТIаде щвараб къукъа Хунзахъ Дайтилал,
ТуманкIул кIуйдуда дунял къвагъарал,
Бицулел рагIичIищ лъиял бахIарзал?
Гъов чIегIер чодулав дир МуртазагIали
Жиндир кIиябго квер къотIун бортаяв.
— Дурабго бортаги, квер гьечIев Сурхай,
Чода тIаде вахун хвалчен хьвагIула!
ГIайибилан ккечIищ, лъияв багьадур?
Мегьдикьеги кIанцIун туманкI кьвагьула!
Дир бугеб жо улка дур ани, Сурхай,
Дур Хунзахъ Дайтилал дир ани, Сурхай.
Дир гIарацгин месед дур ани, Сурхай,
Дур МуртазагIали дир ани, Сурхай.
Гьев МуртазагIалил хIурматин абун
Кверазда бараб махх эмсул ричIана.
Гьев МуртазагIалил хIурматин абун
Я гьей ГIайшатилгин бусен бищана.
Гьениса лъутараб гъажаразул бо,
Нахъ хвалчен бацIараб гIолохъабаца
ЦIоралъул кораза курмул цузегIан,
Гьединаб хIалалда щвезе гьаруна.
Гьеб гIелищ гIеларищ, хIама гъажарав,
ТIадвуссун вачIани, гIияхъе хъвела.
Дорма къватIиб босун боде балагьдар
БацIун гъурун буго гъажарил улка.
— РачIа, магIарулал, рекъел гьабизе,
Васал ракьищ нужой – кьела нуцаби,

Исхалдул чухилъа гъуждул раккарал.
Ясал ракьищ нужой – кьела мусудул,
Меседил гарбиде гъвалал гьурщарал.
ГІарац бакьищ нужой – къолоца бала,
Надиршагьил сурат кумарах бугаб.
Месед бакьищ нужой – сахІилъа бала,
ГъалбацІидул мугьру мекъаб рах бугаб.
– Васал ракьа нежей, гІемерал ракьа,
Нежерго гьунаралъ рахарал ракьа.
Ясал ракьа нежей, гІемерал ракьа,
Нежерго хвалчаца росарал ракьа.
Месед бакьа нежей, гІемераб бакьа,
Нежерго хирмаца бахараб бакьа.
Васал ругелазе исхали буго,
Ясал ругелазе тархана буго —
Камараб жо гьечІо гъажар тукада.


Бакъбаккул Кавказ
ХЬ И Н Д А Л А Л
Унсоколо
КЪЕГЪАЛАЛ
ЧI А М А Л А Л
КIКIАРАЛАЛ
ГIАХЬВАХЪ
БАГВАЛАЛ
Хунзахъ
КЬУРУКЬ
УНКЪРАКЬ
ТI И Н Д А Л
КIкIуяда
РАКЬУБ
ГЬИДАЛЪ
ГI А Н Д А Л А Л
КЪЕЛЕБ
Кьорош
ЧIалда-
мегIер
ЦI У Н ТI А
Сугъралъ
ГIахъуша
КЪАРАХЪ
АНЦУХЪ
МУККРАКЬ
Гъумекиб
ГIириб
ХЬВАНАЛ
А Н КЬ Р А КЬ
РИСГIОР
КЬЕНСЕРУХЪ
Рилъаб
Къамилухъ
ГьочотIа
Билкан
КIатIихъ
Гъолода
ЦIахур
ЧIар
МацIихъ
Тала
Мухъахъ
Рутул
ЦIараки
Илусуб